

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Sabada dianalisis atawa dilakukeun kajian kana naskah Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh ngeunaan karakteristik palaku jeung ajén kaagamaan, bisa dirumuskeun kacindekan saperti ieu di handap:

##### 1. Karakteristik Palaku

Palaku anu aya dina ieu wawacan kabagi jadi palaku utama, palaku kadua, jeung palaku tambahan. Palaku utamana nya éta Syarif Hidayat atawa Sunan Gunung Jati téa. Anu sésana mangrupa palaku kadua jeung palaku tambahan.

Karakteristik palaku dina ieu wawacan kabagi jadi dua nya éta aya anu hadé jeung aya anu goréng. Dina unggal carita, watek hadé jeung goréng geus tangtu aya. Lantaran saupama watekna hadé kabéh moal aya konplik dina éta carita. Watek-watek anu aya dina éta carita diantarana nya éta panceg pamadegan, sabar, daék tutulung, daréhdéh, gedé ambek, jrrd. Palaku anu aya dina ieu carita lolobana mah mangrupa palaku anu ajeg teu robah watekna, tapi aya ogé palaku anu ngalaman parobahan watek. Anu asalna miboga watek goréng robah jadi alus, babalik pikir. Palaku anu ngalaman parobahan watek nya éta Lokajaya (Radén Sahid), manéhna ngabégal pirang-pirang jalma tapi ahirna mah babalik pikir. Jeung anu kadua Gedéng Palumbon, anu asalna teu percaya ka agama Islam jadi percaya sanggeus ningali kaagungan agama Islam.

## 2. Ajén Kaagamaan

Ajén kaagamaan anu dianalisis dina ieu skripsi nya éta ngeunaan akidah, ahlak, jeung fiqih. Hal-hal kaagamaan anu nyangkaruk dina ieu wawacan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

### a. Akidah

Akidah anu dipiboga ku kalolobaan palaku dina ieu wawacan alus pisan, sanajan aya palaku anu akidahna teu bener. Dina ieu carita palaku (jalma) miboga kayakinan yén:

- 1) Agama Islam, agama nu panghadé-hadéna jeung lamun teu daék asup agama Islam naraka geus tangtu wawalesna;
- 2) Sakabéh manusa nu aya di alam dunya geus sakuduna iman ka Allah SWT anu geus nyiptakeun alam dunya jeung eusina; jeung
- 3) Teu aya nu wajib disembah salian ti Allah jeung yakin Nabi Muhammad utusan Allah.

### b. Ahlak

Ngeunaan ahlak dina ieu wawacan kabagi jadi dua, nya éta ahlak anu hadé jeung goréng. Tétéla, ku miboga ahlak anu hadé sagala pasualan anu karandapan bisa karéngsékeun kalayan nyugemakeun. Miboga ahlak anu hadé téh geus jadi kawajiban pikeun umat manusa di dunya pikeun miara alam dunya.

c. Fiqih

Fiqih nya éta pamahaman para ulama kana syariat Islam anu aya dina sumber hukum (Al Qur'an jeung As Sunnah) sarta dijieun sacara sistematis jeung praktis sangkan leuwih babari ngarti ka nu diajarna. Dina ieu wawacan aya sababaraha hal anu kawengku dina élmu fiqih, nya éta ngeunaan *taharah* (susuci), solat, haji, nikah, pati, jeung perang (*jihad*).

**5.2. Saran**

Sabada panulis nyindekkeun, aya sababaraha saran saperti ieu di handap:

1. Pancén urang Sunda ngamumulé budayana sorangan, hususna anu mikacinta naskah Sunda, atawa mahasiswa Sunda pikeun terus merhatikeun tur ngaguar budaya anu nyampak dina naskah-naskah Sunda. Kajian panalungtikan naskah (filologi) dipiharep sangkan ditalungtik leuwih jero;
2. Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh dipiharep bisa dijadikeun bahan panulisan anu satuluyna, sangkan bisa numuwuhkeun minat masarakat kana naskah Sunda;
3. Perlu ayana tarékah pikeun maham kana karya sastra wawacan, nya éta panalungtikan sakabéh hal anu aya dina karya pikeun ngarojong dunya atikan.
4. Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh bisa dijadikeun bahan pangajaran dina widang sastra, basa, agama, jeung sajarah.



### 10. Ki To'at jeung Ki Hurmat

Ki To'at jeung Ki Hurmat mangrupa palaku tambahan Ki To'at jeung Ki Hurmat nya éta santri Syéh Darugem anu ngiring ka Karawang. Watekna nya éta hormat jeung nurut kana paréntah dununganna. Bisa katitén dina pada ka 032 ieu di handap:

(032) Syeh Darugem tuluy nyaur santeri,  
 anu ngaran Ki To'at ki Hurmat,  
 “manéh geura balik baé,  
 kitab anu saparahu,  
 piceun baé ku manéh santri.”  
*To'at Hurmat geus mangkat,  
 Mekah nu dijugjug,  
 kitabna geus dipiceunan.  
 Tunda heula To'at Hurmat geus baralik,  
 Darugem geus mandita.*

### 11. Nyi Ora

Nyi Ora salaku palaku kadua dina ieu carita, tapi ngan saeutik kacaritakeunna. Nyi Ora nya éta garwana Syéh Ora, watekna téh nurut ka salaki saperti nu katitén dina pada ka-028 ieu di handap:

(028) Harita téh waktu enggeus magrib,  
 Syeh Darugem naros ka Syeh Ora,  
 “Di mana aya kulah téh?”  
 Syeh Ora tuluy nyaur,  
 ka garwana Nyi Ora bijil,  
 jeung bari ngajijingjing ruwas,  
 awi ngan sabuku,  
 nya éta cai eusina,  
 tuluy baé dibikeun ka sémah tadi,  
 “Tah ieu pakulahan.”

## 12. Syéh Nurjati

Syéh Nurjati salaku palaku kadua, pernah putu ka Kangjeng Nabi. Syéh Nurjati sok disebut ogé Syéh Nurbayan (pada ka-150) jeung Syéh Datul Ngapi (pada ka-167).

(150) Syéh Nurjati eukeur pirhatin kalangkung,  
taya lian tingal,  
mung nyipta salira baé,  
Syéh Nurbayan geus sidik yén kauninga.

(187) ...  
suratna enggeus katampi,  
anu ti Syéh Gunung Jati.  
Geus kamanah tuluy nyaur,  
“Sad kaula hayang terang,  
di mana Syéh Datul Kapi?”  
Walangsungsang ngawalon ka Syéh Nurbayan.

Watek Syéh Nurjati nya éta daréhdéh jeung bijaksana.

### a. Daréhdéh

(153) “Radén Putra bagéa nu anyar rawuh,  
Radén ti mana nya asal,  
reujeung saha jenengan téh?”  
Nyembah matur Samadullah ka Pandita.

### b. Bijaksana

(157) Jeung geus pasti éta kersaning Yang Agung,  
ti manéh awitna,  
ngabuka agamana téh,  
kacarios Samadullah enggeus bé’at.

## 13. Para Emban

Emban salaku palaku tambahan dina ieu carita. Watek sakabéh emban anu aya dina ieu carita sarua, nya éta satia (pada ka-045 jeung 048):

(045) Sarta ditundung raka téh ku Kangjeng Gusti,  
langkung welas Nyai Lara Santang,  
“Duh Engkang kumaha baé,

sim kuring seja rék nyusul.”  
 Rada éwed manah Nyi Putri,  
 réhna ditaluguran,  
 para emban babu,  
*beurang peuting hanteu pisah,*  
*para emban ngajaga ka Nyai Putri,*  
*kinanti salamina.*

- (048) *Para emban géhgér guyur,*  
*langkung nalangsa careurik,*  
 tuluy unjukan ka raja,  
 “Duh Gusti hatur tingali,  
 ayeuna putra gamparan,  
 ngalolos waktu ti peuting.”

#### 14. Endang Saketi

Nyai Endang Saketi dina ieu carita salaku palaku tambahan. Endang Saketi téh masih kénéh kapernah raka ka Prabu Siliwangi. Watek Endang Saketi nya éta asih ka sasama (pada ka-058):

- (058) Di Gunung Tangkuban Parahu,  
 tuluy dirontok Nyi putri,  
 sarta bari ditangisan,  
 “Aduh eneng anak aing.”  
 Larasantang geus digugah,  
 ngalilir Rahadén putri.

#### 15. Sang Banjaran Angganali

Sang Banjaran Angganali salaku palaku kadua dina ieu carita. Sang Banjaran Angganali nya éta saurang Pandita luhung anu tapa di Gunung Cilawung. Tapana téh pindah ka séjén tempat tapi balik deui ka Cilawung jeung ganti ngaran jadi Galuh. Sakumaha anu kaunggel di handap ieu:

- (067) Ti Gunung Tangkuban Parahu,  
 geus jauh lampah Nyi Putri.  
 Gentos anu dicarita,  
 di Gunung Cilawung deui,

pandita anu keur tapa,  
Sang Banjaran Angganali.

(068) Nya éta Pandita lepus,  
baheula nu ka kagungan leuwih,  
aya hiji ajar padang,  
anu bisa warna rupi,  
ayeuna digentos ngaran,  
di Cilawung tapa deui.

(069) Nya éta nu ngaran Galuh,  
putra Kangjeng Enuh Nabi,  
tétés cisoca sajakjlak,  
éta jadi ajar sidik,  
nya éta nu jenengan,  
Sang Banjaran Angganali.

Watek Sang Banjaran Angganali anu katitén dina ieu carita nya éta miboga  
iman anu kuat, saperti anu kaunggel dina ieu pada:

(070) Eukeur tatapa di gunung,  
nyipta sajatining hurip,  
ngarasa rasaning genah,  
tegesna rasaning hurip,  
kawengku kumaha mulya,  
jatining diri pibadi.

(071) Henteu aya dua tilu,  
éta sajatining hurip,  
nu témbong teu katingalan,  
di sajeroning ati,  
nya éta purba wisesa,  
éta cahaya nu hurip.

## 16. Syéh Bayanullah

Syéh Bayanullah salaku palaku kadua dina ieu carita. Syéh Bayanullah téh  
sobatna Syéh Gunung Jati, guruna Walangsungsang. Syéh Bayanullah téh anu  
engkéna jadi Sunan Giri.

(762) Syéh Bayanullah kawarti,  
Sunan Giri panglandina,  
Jaka Tarub kacarios,



Syéh Bentong jenenganana,  
ari Syéh Ora téa,  
jenenganana disebut,  
Sunan Kadatoning pura.

Watek Syéh Bayanullah nya éta teu sabaran. Saperti anu katitén dina pada  
ieu di handap:

(227) Kocapkeun Syéh Bayanullah,  
rék numpang ka tanah Jawi,  
néangan Syéh Datul Qiman,  
seja rék mupakat ilmi,  
reujeung kitab Quran deui,  
lamina Syéh Bayan tunggu,  
teu acan satengah bulan,  
tacan dongkap kana jangji,  
nanging éta Bayanullah hanteu sabar.

### 17. Ganda Sekar

Ganda Sekar salaku palaku tambahan, nya éta putri ti Aceh anu dicandak  
ku Samadullah. Ganda Sekar lila tapa di Panguragan, nepi ka nelah Nyi  
Panguragan (pada ka-244).

(244) Ngalih deui tapana Nyi Putri,  
damel tapak nya di Wanasaba,  
teu kacatur lamina téh,  
geus kitu pindah tuluy,  
tapana di sungsang deui,  
enya éta nu kasebat,  
Panguragan éstu,  
geus nelah Nyi Panguragan,  
ramana téh nuturkeun baé teu kari,  
matuh di Panguragan.

Watek Ganda Sekar nya éta adigung, saperti anu katitén dina pada ka-833  
ieu di handap:

(833) Saha Raja nu ngéléhkeun kami,  
tangtu éta nu jadi jodona,  
anu mawi ayeuna téh,

sadayana para ratu,  
 panglamar henteu ditampi,  
 inten mas berlian,  
 dunya barana kumpul,  
 gugur sadaya para raja,  
 ratu-ratu anu salawé nagari,  
 duh Nyai Pangurangan.

### 18. Raja Mesir

Raja Mesir (teu disebutkeun ngaranna) salaku palaku tambahan dina ieu carita. Raja Mesir nya éta raja anu jadi carogé Lara Santang. Raja Mesir sok disebut ogé Raja Utara. Watek Raja Mesir nya éta asih, saperti anu katitén dina pada ka-251 jeung 260 ieu di handap:

(251) Barang geureuhana sumping,  
 gasik nyaur Sang Raja Utara,  
 “Enéng Engkang langkung atoh,  
 Nyai naon nya pamundut,  
 mo burung laksana pasti,  
 rupaning dunya barana,  
 emas inten jamrut,  
 atawa jaba ti éta,  
 nu ahéng nu euweuh di nagri Mesir,  
 mo burung kalakonon.

(260) Saperkara hayang panggih,  
 réh geus lila hanteu tepang,  
 kadua pardu engkang téh,  
 rék barang beuli ka pasar,  
 jawadah jeung saeusina,  
 reujeung rai mudu rawuh,  
 ka Mesir nungkulan hajat.”

### 19. Patih Anor

Dina ieu carita patih Anor jadi palaku tambahan. Patih Anor nya éta patihna Raja Mesir anu dititah néangan istri nu sarua jeung garwana anu

pupus. Watek Patih Anor nya éta nurut ka dunungan, saperti anu kaunggel dina pada ieu di handap:

- (194) Patih Anor matur nyembah,  
 “Parantos timbalan Gusti,  
 mugi-mugi kenging berkah,  
 pangdu’a ti Kangjeng Gusti.”  
 Ki Patih gancang indit,  
 Dén Patih angkat geus jauh,  
 ngajajah unggal nagara,  
 lebet ka jero nagari,  
 enya éta néangan putra ning raja.

## 20. Raja Erum

Raja Erum dina ieu carita salaku palaku kadua. Raja Erum nya éta raina Raja Mesir, sok disebut ogé Raja Yuta. Dina ahir carita Raja Erum disebut Sunan Erum ogé Maolana Magrib.

- (763) Cakrabumi geus dilandi,  
 jenengan Suhunan Welang,  
 Syéh Panjunan dicarios,  
 jenengan Syéh Lemah Abang,  
 atawa Syéh Sasmita,  
 ari éta *Sunan Erum*,  
*Maolana Magrib landina*.

Raja Erum miboga watek asih ka sasaha saperti anu katitén dina pada ka-265 jeung 268 ieu di handap:

- (265) Langkung-langkung raja nangis,  
 réh katilar ku rakana.  
 Hanteu panjang dicarios,  
 nu narangis di nagara,  
 mayit geus dibersihan,  
 lastari jisim dikubur.  
 Gancangna Sang Raja Yuta.

(268) Ka rakana nu geus mulih,  
 Sri Maharaja Utara,  
 nalangsa réhna keur bobot.  
 Patih Erum kacarita,  
 kalangkung welas ningalna,  
 énggalna Patih geus mundur,  
 hanteu kocap di jalanna.

### 21. Syarif Arifin

Syarif Arifin salaku palaku tambahan. Syarif Arifin nya éta raina Syarif Hidayat. Watek Syarif Arifin anu kapanggih dina ieu carita nya éta pinter jeung kuat imana sarua jeung rakana saperti katitén dina pada ka-271 ieu di handap:

(271) Raina Syarif Arifin,  
 kocap gancangna carita,  
 ti harita yuswana téh,  
 opat belas tahun jalan,  
 keur meujeuhna balég kembang,  
 kitab Quran kabéh putus,  
 nurut agama Muhammad.

### 22. Syéh Nata Ula

Syéh Nata Ula salaku palaku tambahan dina ieu carita. Syéh Nata Ula nya éta Syéh asal ti Mekah anu keur néangan Syéh Nurbayan tapi teu katimu-timu. Sanggeus cicing di Nusakambangan, Syéh Ula ganti ngaran jadi Damar Cahya, saperti anu katitén dina pada ka-482:

(482) Kocap nu keur tapa lali,  
 éta di Nusakambangan,  
 Damar Cahya ngarana téh,  
 asalna ti nagri Mekah,  
 baheulana anu tapa,  
 di Pulau Mardada kitu,  
 nu jenengan Nata Ula.

Watekna nya éta embung kaéléhkeun ku batur saperti anu katitén dina  
pada ka-317:

- (317) Syéh Ula gancang ngarebut,  
pakenyang-kenyang jeung Syarif,  
henteu lami aya gelap,  
bijil ti Sulaeman Nabi,  
sarta angin gedé pisan,  
Syéh Ula kabawa angin.

### 23. Syéh Amarullah

Dina ieu carita, Syéh Amarullah salaku palaku kadua. Syéh Amarullah nya  
éta Syéh anu asalna ti Nagri Cempa keur néangan Syéh Datul Qiman. Syéh  
Amarullah téh nya éta anu disebut Sunan Bonang saperti anu katitén dina pada  
ka-761:

- (761) Eusina anu ditulis,  
jenengan para aoliya,  
jeung para pangéran kabéh,  
*ari Esyéh Amarullah,*  
*jenengan Sunan Bonang,*  
Syéh Mayang anu kasebut,  
Sunan Jagung panglandina.

Watek Syéh Amarullah nya éta panceg pamadegan, saperti anu katitén  
dina pada ka-336 jeung 337:

- (336) Amarullah rék guguru,  
tapi tacan kungsi panggih,  
tina kersaning Yang Sukma,  
nya éta Syeh Datul Ngapi,  
mandita di tanah Jawa,  
anu matak teu kapanggih.
- (337) Syéh Amarullah dicatur,  
tuluy baé tapa lali,  
harita geus lami pisan,  
sapuluh tahun gé leuwih,  
taya lian nu dicipta,

anging sajatining hurip.

#### 24. Indang Geulis

Indang Geulis salaku palaku tambahan dina ieu carita. Indang Geulis nya éta garwana Walangsungang. Watekna soléh, sanajan ditinggal-tinggalkeun waé ku carogé tapi tara seueur carios.

- (186) Tapi ari garwana mah,  
 ka Mekah téh henteu ngiring,  
 ngantos baé di nagara.  
 Kocapkeun geus angkat deui,  
 di jalan henteu kawarti,  
 Énggalna baé geus cunduk ,  
 geus dongkap ka tanah Judah,  
 tuluy baé ka nagari,  
 enggeus dongkap éta ka nagara Mekah.

#### 25. Pangéran Kendal

Pangéran Kendal salaku palaku tambahan. Pangéran Kendal téh salasaurang muridna Syéh Amarullah. Watekna nya éta panceg pamadeganana, saperti anu katitén dina pada ka-452 jeung 453 ieu di handap:

- (452) Sabab wajib dikanyahokeun téh kudu,  
 ku kabéh manusa,  
 sadaya geus sanggup baé,  
 Pangéran Kendal ngabisu éta tapana.
- (453) Enggeus pamit Pangéran Kendal ngabisu,  
 ma'dum tapa,  
 munjung dina basisir téh,  
 mencerong panon poé Pangéran Kajoran.

## 26. Nyi Junti Mangga Pamoring Jagat

Nyi Junti Mangga Pamoring Jagat salaku palaku tambahan. Nyi Junti Mangga Pamoring Jagat téh putrana Syéh Hidayat anu ti Putri Cina. Watek Nyi Junti Mangga Pamoring Jagat nya ta panceg pamadeganana, saperti anu katitén dina pada ka-531 ieu di handap:

(531) Nyai Putri éta geus ningali,  
 yén ramana éta waliyullah.  
 Tuluy kersana ngalolos,  
 angkatna ka sisi laut,  
 urut miceun ramana tadi,  
 enggeus teuleum ka sagara.  
 Kakocap nu kantun,  
 di jero kadaton Raja,  
 langkung ramé para nyai nu narangis,  
 puguh ibu ramana.

## 27. Pakuwati

Pakuwati salaku palaku tambahan dina ieu carita. Pakuwati téh putrana Samadullah, watekna nurut saperti anu katitén dina pada ka-548 ieu di handap:

(548) Ingkang rama pasrah sorban rukmin,  
 baheulana paparin ti rama,  
 Maharaja Mesir kahot,  
 sareng sajabana ti kitu,  
 ieu putra kang rama yakin,  
 Pakuwati wastana,  
 kasanggakeun tangtu,  
 lumayan dianggo garwa,  
 enggeus tamat ku Syarufullah kaharti,  
 gancangna baé carita.

## 28. Syéh Syamsutan

Syéh Samsutan salaku palaku tambahan. Syéh Samsutan nya éta syéh ti wétan anu ngiring kumpul sareng Syarif Hidayat. Teu kacaritakeun kumaha

lalampahan Syéh Samsutan saopopoéna, jadi watekna téh teu kapanggih, teu aya pada anu nyaritakeun kumaha Syéh Samsutan.

### **29. Syéh Karawang**

Syéh Karawang salaku palaku tambahan. Syéh Karawang nya éta syéh ti kulon anu ngiring kumpul sareng Syarif Hidayat. Sarua jeung Syéh Samsutam, Syéh Karawang gé teu kacaritakeun kumaha lalampahan saopopoéna, jadi watekna téh teu kapanggih, teu aya pada anu nyaritakeun kumaha Syéh Karawang.

### **30. Pangéran Payak**

Pangéran Payak salaku palaku tambahan dina ieu carita. Pangéran Payak asalna mah ngaranna téh Syéh Mayang tapi diganti jadi Pangéran Payak sanggeus tapa jeung nyaho bagbagan élmu agama jeung Syarif Hidayat di Gunung Payak.

Watekna nya éta panceg pamadegan kana kaimanan.

(493) Ayeuna keur tapa lali,  
 nya éta di Gunung Payak,  
 permaning manon,  
 tepang jeung Syarif Hidayat,  
 harita mupakot kitab,  
 jeung sanésna pangaweruh,  
 sadaya enggeus mupakot.

### **31. Pangéran Kaningrat**

Pangéran Kaningrat salaku palaku tambahan dina ieu carita. Pangéran Kaningrat nya éta Pangéran ti Kajoran anu ngiring kumpul sareng Syarif



Hidayat. Sarua jeung Syéh Samsutam, Pangéran Payak gé teu kacaritakeun kumaha lalampahan saopopoéna, jadi watekna téh teu kapanggih, teu aya pada anu nyaritakeun kumaha manéhna.

### 32. Suryadi Wangga Bupati

Suryadi Wangga Bupati nya éta Tumenggung Tuban, dina ieu carita jadi palaku tambahan. Dina ieu carita teu kacaritakeun kumaha lalampahan Suryadi Wangga Bupati, ku lantaran kitu teu kapanggih kumaha watekna.

(552) ...  
 Kocap di nagara Tuban,  
 anu jadi ratu,  
 putra Arya Witing Manah,  
 nu jenengan Suryadi Wangga Bupati,  
 harita nagara Tuban.

### 33. Nyi Congmirah

Nyi Congmirah nya éta garwana Suryadi Wangga Bupati, dina ieu carita salaku palaku tambahan. Sakumaha tadi Suryadi Wangga Bupati, Nyi Congmirah gé teu katitén kumaha watekna lantaran dina pada satuluyna teu kacaritakeun deui anu ngaranna Nyi Congmirah.

(553) Eukeur masih karéh Majapait,  
 garwana mah Sang Tumenggung Tuban,  
 putra Raja Mesir kahot,  
 Nyi Congmirah kasebut,  
 turunan Syéh Dulkarnaen,  
 ...

### 34. Radén Sahid Abdul Rohman

Radén Sahid Abdul Rohman nya éta putrana Tumenggung Tuban. Dina ieu carita jadi palaku kadua. Aya sababaraha ngaran anu dipimilik ku Radén Sahid, nya éta:

#### 1) Lokajaya (pada ka-626)

Ieu ngaran téh dibéré ku Syéh Amarullah waktu Radén Sahid hayang jadi wali. Saur Syéh Amarullah, lamun Radén Sahid hayang jadi wali kudu tapa braja (ngabégal jalmi) anu lobana sarébu jalma.

(626) Jeung Tuan ngalih jujuluk,  
Lokajaya geus dilandi,  
Durahman enggeus pamitan,  
Syéh Amarullah geus idin,  
hanteu kocap di jalana,  
ka leuweung Japura sumping.

#### 2) Syéh Durahman

Ieu ngaran téh dipaké pikeun nyumponan guru wilangan wungkul lantaran saupama dipaké Radén Sahid Abdul Rohman mah panjang teuing.

#### 3) Pangéran Tuban

Radén Sahid disebut Pangéran Tuban lantaran manéhna putrana Tumenggung Tuban.

(719) “Reujeung deui saha ngaran nu kasebut?  
matak bisa datang,  
manéh ka Pulau Enting téh.”  
Pok unjukan ngajawab Pangéran Tuban.

#### 4) Sunan Kalijaga

Ieu ngaran aya dina layang kalima anu dibikeun Durahman waktu kabéh para aoliya ngumpul di Gunung Jati. Dina unggel éta serat Syéh Durahman geus dilandi jenengan Sunan Kalijaga.

(764) *Syéh Durahman dilandi,  
jeneng Sunan Kalijaga,  
ari Pangéran Kendal téh,  
...*

Dina ieu carita, Radén Sahid ngalaman parobahan watek nya éta tina watekna anu goréng kana hadé. Tapi dina dasarna mah angger nya éta daék ngalakukeun naon waé pikeun ngahontal naon anu dipikahayangna.

(625) Syéh Amarullah seug nyaur,  
“Lamun hoyong jadi wali,  
Tuan mudu tapa braja,  
hartina ngabégal jalmi,  
sing jejeg sarébu jalma,  
di Japura tuan cicing.”

#### 35. Arsa Wulan

Arsa Wulan nya éta putrana Tumenggung Tuban, adina Radén Sahid. Dina ieu carita Arsa Wulan salaku palaku tambahan. Sakumaha tadi Nyi Congmirah, Arsa Wulan gé teu katitén kumaha watekna lantaran dina pada satuluyna teu kacaritakeun deui anu ngaranna Arsa Wulan.

#### 36. Raja Urawan

Raja Urawan salaku palaku tambahan dina ieu carita. Watekna gancang percaya bari jeung teu dititénan heula pasualanna.

- (587) “Dikalemoh ku Durahman Sahid,  
abdi masih ébog,  
jeung panganggo abdi ogé,  
ruksak mani ruwang-rawing,  
teu suka téh teuing,  
mugia dihukum.”
- (588) Langkung héran manahna Jeng Gusti,  
yén Durahman bohong,  
henteu nyana kitu petana téh,  
dada beureum bulu soca centik,  
taya lian deui,  
nandakeun yén bendu.
- (589) Seug ngadamel surat baé gasik,  
sakedap parantos,  
Syéh Durahman geus disaur baé,  
“Geuwat bawa surat aing,  
ka Ki Judi Pati!”  
Durahman geus mundur.

### 37. Taruna

Taruna nya éta gandékna Raja Urawan, dina ieu carita jadi palaku tambahan. Watekna nya éta goréng, calutak, manéhna wani ngalakukeun jinah jeung garwa Raja Urawan (pada ka-578):

- (578) Ka jero pura geus datang.  
Kakocapkeun éta Nyi Perméswari,  
keur kulem di tempat tidur,  
sinareng Mas Taruna,  
lampah cidra jinah sareng garwa ratu,  
teu lami gurudag dongkap,  
Sahid piwarangan Gusti.

Salian ti éta, Taruna gé hayang waé nyaho urusan batur jeung hayang kapaké ku batur, katitén dina pada ieu di handap:

- (590) Enggeus lepas angkatna Syéh Sahid,  
di jalan gok amprok,  
Mas Taruna tuluy nanya baé,  
“Mawa naon Radén Sahid,  
rék ka mana deui?”

Jawabna diutus.

- (593) Surat diteundeun di gigireun linggih,  
 keur ngariung congcol,  
 Mas Taruna ngan ngawaskeun baé,  
 salah gawé geus direbut kénging,  
 surat geus dijingjing,  
 Mas Taruna tuluy.

### 38. Rahadén Bondan

Rahadén Bondan nya éta putra Majapait, dina ieu carita salaku palaku tambahan. Watekna nya éta gedé wawanén.

- (629) Dén Bondan ngawalon ngamuk,  
 dihurup ku dua jalmi,  
 Lokajaya leuwih kuat,  
 Dén Bondan ség nyabut keris,  
 kerisna potong congona,  
 teu tahan ngalawan jurit.

### 39. Ki Darma Sura

Ki Darma Sura salaku palaku tambahan dina ieu carita. Ki Darma Sura nya éta jalma anu dipasrahan murangkalih ku Sulton Erum. Watekna asih, katitén dina pada ieu di handap:

- (670) Enggeus dititipkeun tuluy,  
 ku Ki Darma geus ditampi,  
 bojona langkung atohna,  
 dipaparin murangkalih,  
 ku rama dijenenganan,  
 Pangéran Darajat pasti.
- (671) Ari jenengan ti ibu,  
 Kidang Talangkas geus pasti,  
 kitu deui Darma Sura,  
 nya éta anu nelah nami,  
 Pangéran Darmayu téa,  
 ka putrana langkung manis.

#### 40. Pangéran Darajat

Pangéran Darajat nya éta putra anu dipasrahkeun ka Ki Darma Sura ti Sulton Erum téa, dina ieu carita salaku palaku tambahan. Salian ti Pangéran Darajat, ngaranna téh aya kénéh, nya éta Kidang Talangkas (paméré indungna) jeung Pangéran Darmayu (paméré ti Ki Darma Sura). Pangéran Darajat miboga watek hadé, iman ka Rosul.

(689) Kocap deui Sunan Gunung Jati,  
 angkat deui ngajugjug ka huma,  
 harita geus tepang baé,  
 jeung para putra jujuluk,  
 Pangéran Darajat pasti,  
 jeung tuluy diwurukan,  
 hal agama Rosul,  
 sarta geus dilandi ngaran,  
 Pangéran Darma,  
 Kusumah éta pasti.  
 Kocapkeun Syarif Hidayat,

#### 41. Radén Patah

Radén Patah nya éta putra Maharaja Berwijaya, dina ieu carita salaku palaku tambahan. Watek Radén Patah nya éta panceg pamadegan, wani ngalawan adina sorangan dina perang. Ieu watek katitén dina pada ieu di handap:

(795) Éta kitab jaman Buda,  
 di dinya kasebut deui,  
 pikeun Senapati perang,  
 éta putra Majapait,  
 Rahadén Patah kakasih,  
 Radén Bintara jujuluk,  
 muridna Syéh Amarullah,  
 tuluy disaur sakali,  
 henteu lami Rahadén Bintara dongkap.

- (796) Didawuhan maju perang,  
tempuh urang Majapait,  
geus pasti kersa Yang Sukma,  
bakal mangku tanah Jawi,  
ngeréhkeun para bupati,  
sadaya harita rempug,  
rejeung maparin jimat,  
Sunan Palembang maparin,  
ali-ali nu pinuh eusina séton.
- (797) Kuwu Sangkan geus masihan,  
badongbatok eusi demit,  
jeung para wali sadaya,  
pada méré jimat deui,  
Sulton Cirebon maparin,  
jimat ngaranna Si Hantu,  
Rahadén Fatah geus tampa,  
geus nyembah nyuhunkeun pamit,  
gancang jengkar jeung iringkeun balad Islam.

#### 42. Radén Husén

Radén Husén nya éta raina Radén Patah, dina ieu carita salaku palaku antagonis. Watek anu dipiboga ku Radén Husén sarua jeung rakana nya éta panceg pamadegan tapi Radén Husén mah panceg pamadegan dina kakapiran teu daék asup Islam. Bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (799) “Kumaha manéh kaduga,  
ngamusuh dulur pibadi,  
tur dulur nu pangkolotna?”  
Radén Husén matur takdim,  
“Najan dulur peribadi,  
tur enya pernah sepuh,  
abdi téh taya kumaha,  
geus tangtu ngalawan jurit,  
putra ogé da teu turut ka kamparan.”

### 43. Jaka Tarub

Jaka Tarub nya éta raina Perbu Berwijaya, dina ieu carita salaku palaku kadua. Watek Jaka Tarub nya éta nékad jeung sologoto, bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (693) Enggeus nelah jenengan Syéh Benting,  
 ari éta ukuranna tapa,  
 aya hiji tangkal gedé,  
 api-api disebut,  
 lamun enggeus katangkeup kai,  
 ti dinya hadé buka,  
 ari nu dimaksud,  
 néangan Jatining sadat,  
 enya éta tina hoyong jadi wali,  
 maksa enggeus hayang katarima.
- (694) Geus katangkeup tangkal api-api,  
 tuluy baé ki Tarub téh buka,  
 daharna kacida ponyo,  
 teu noli ngalér ngidul,  
 jeung rarat rérét deui.  
 Kocap Syarif Hidayat,  
 ka dinya geus rawuh,  
 sarta tuluy uluk salam,  
 ku Ki Tarub henteu pisan diperduli,  
 jongjon-jongjon baé dahar.
- (695) Esyéh Syarif Hidayat ngalahir,  
 bari maca kalimah sahadat,  
 teu lila geus jadi bébék,  
 meri ngarebut sangu,  
 hanteu kaur ngahuap deui.  
 Jaka Tarub amarah,  
 kuek dicerek tuluy,  
 meri dibantingkeun énggal,  
 enggeus paéh tuluy,  
 dipiceun ka cai api-api jadina.
- (696) Syarif Hidayat pok ngalahir deui,  
 “Naha meri kami dipaéhan?  
 Éta katempuhan manéh,  
 dihirupkeun deui mudu,  
 naha manéh bet wani-wani,



maéhan tanpa dosa?  
 Henteu hadé kitu,  
 lamun manéh kitu lampah,  
 boro baé manéh hayang jadi wali,  
 reujeung deui eukeur tapa.”

- (697) “Pan néangan manéh téh kalimah kalih,  
 lamun enya manéh hayang bisa,  
 mudu guru heula baé,  
 ka Syéh Syarif jujuluk ,  
 enya éta ratuning wali.”  
 Jaka Tarub ngajawab,  
 “Éta hanteu umum,  
 di mana anu geus modar,  
 moal aya nu bisa hirupkeun deui,  
 lamun aya anu bisa.”

#### 44. Perbu Berwijaya

Perbu Berwijaya salaku palaku tambahan dina ieu carita. Watekna adil,  
 bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (673) Radén Husén éta anu hiji,  
 kapernah rai Radén Patah,  
 tapi ngan saibu baé,  
 reujeung Radén Patah éstu,  
 putra Berwijaya Narpati,  
 Husén sadérékna,  
 ayeuna dicatur,  
 teges meunang idin rama,  
 Radén Husén enggeus jadi senapati,  
 ngeréh mangku nagara.
- (674) Dijenengkeun terung adipati,  
 anu muter kabéh wadia balad,  
 nagara Majapait téh,  
 satadi kersa ratu,  
 Radén Patah buat ngaganti,  
 di Majapait nagara,  
 sartana jujuluk,  
 Maha Berwijaya téa,  
 nanging éta Patah teu kersa téh teuing,  
 lamun jumeneng raja.

#### **45. Kiai Gendéng Sabin**

Kiai Gendéng Sabin nya éta sadérékna Jaka Tarub, dina ieu carita salaku palaku tambahan. Kiai Gendéng Sabin teu katitén kumaha watekna ku lantaran teu kacaritakeun loba, ngan saukur disebutkeun wungkul yén Kiai Gendéng Sabin téh sadérékna Jaka Tarub.

#### **46. Nyai Karang Loka**

Nyai Karang Loka nya éta sadérékna Jaka Tarub anu bungsu, dina ieu carita salaku palaku tambahan. Nyi Karang Loka teu katitén kumaha watekna ku lantaran teu kacaritakeun loba, ngan saukur disebutkeun wungkul yén Nyi Karang Loka téh sadérékna Jaka Tarub, sarua jeung Kiai Gendéng Sabin.

#### **47. Nawang Syéh**

Nawang Syéh nya éta putrana Jaka Tarub, dina ieu carita salaku palaku tambahan. Nawang Syéh teu katitén kumaha watekna ku lantaran teu kacaritakeun loba, ngan saukur disebutkeun wungkul yén Nawang Syéh téh putrana Jaka Tarub jeung garwana Radén Bondan.

#### **48. Kontéa**

Kontéa nya éta Ratu Buda baheula, dina ieu carita salaku palaku tambahan. Watekna nya éta bisa narima bebeneran, bisa katitén dina pada ieu di handap:

(730) Enya éta ratu Buda nu kapungkur,  
anu jenengan Kontéa,

anu mawi tacan maot,  
sabab tacan kagungan kalimah sahadat.

(731) Geus kitu téh layang kalimah dipundut,  
ku Pangéran Tuban,  
sarta ditingali baé,  
enya éta lapadna kalimah sahadat.

(732) Sang Kontéa ku Tuban lajeng diwuruk,  
pihartieunana,  
sami-sami ngaji saé,  
anu mawi Kontéa gentos jenengan.

#### 49. Syéh Panjunan

Dina ieu carita Syéh Panjunan salaku palaku kadua. Syéh Panjunan nya éta anu disebut Syéh Lemah Abang, jeung waktu dina kumpulan para aoliya di Gunung Jati ngaranna jadi Syéh Sasmita.

(763) Cakrabumi geus dilandi,  
jenengan Suhunan Welang,  
*Syéh Panjunan dicarios,*  
*jenengan Syéh Lemah Abang,*  
*atawa Syéh Sasmita,*  
ari éta Sunan Erum,  
Maolana Magrib landina.

Watek Syéh Panjunan teu kanyahoan ku lantaran lalampahanna teu dicaritakeun loba, ngan saukur dicaritakeun yén manéhna aya di hareupeun Syéh Syarif wungkul.

#### 50. Sang Tunjungbang

Sang Tunjungbang salaku palaku antagonis dina ieu carita. Sang Tunjungbang nya éta pingpinan dedemit anu perang ngalawan Radén Patah

jeung balad-balad Islam séjénna. Watekna gedé wawanén, bisa katitén dina pada ieu di handap:

(786) Santri réa anu lumpat,  
surak wadiya balad kafir,  
kocapkeun di jero pura,  
parukuyan geus maranti,  
dedemit geus pada sumping,  
Sang Tunjungbang enggeus rawuh,  
sejana ngabantu perang,  
ngiringkeun kabéh dedemit,  
anu kocap éta Pangéran Kaningrat.

### 51. Rangga Barang Aji

Rangga barang Aji salaku palaku tambahan dina ieu carita. Rangga Barang Aji salasihiji anu ngiring perang dina ngalawan kapir. Watekna gedé wawanén, sakumaha anu kaunggel dina pada ieu di handap:

(787) Ngamukna beuki ka tengah,  
teu lila Kaningrat mati,  
surak wadia balad Islam,  
Tumengtung Rangsang kawarti,  
rejeung Rangga Barang Aji,  
duanana sami ngamuk,  
balad Islam lalumpatan,  
sarta réa anu mati,  
urang kafir surakna lir gelap ngampar.

### 52. Sunan Ngudung

Sunan Ngudung salaku palaku tambahan. Sunan Ngudung sarua jeung Syéh Damar Cahya nya éta Bopati Majalengka. Sunan Ngudung teu kanyahoan kumaha watekna ku lantaran teu loba dicaritakeun, ngan saukur dicaritakeun yén mangsa harita Sunan Ngudung atawa Syéh Damar Cahya keur jadi bopati di Majalengka.

### 53. Pangéran Ma'dum

Dina ieu carita Pangéran Ma'dum salaku palaku tambahan. Watekna hadé, iman ka Allah, bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (504) Tina hoyong jadi wali,  
 Syéh Syarif geus uluk salam,  
 sarta geus diwangsul baé,  
 Pangéran Ma'dum geus buka,  
 "Ka haturan sumping Tuan,  
 reujeung saha nya jujuluk,  
 naon anu ditéangan?"

### 54. Sunan Kajoran

Dina ieu carita Sunan Kajoran salaku palaku tambahan. Watekna daék ngalakukeun naon baé sangkan paniatanna tinekanaan. Sakumaha anu kaunggel dina pada ieu di handap:

- (509) Syarif Hidayat kawarti,  
 geus lepas pisan angkatna,  
 ka Nagri Madura geus jol,  
 tepang jeung Sunan Kajoran,  
 nya éta eukeur tatapa,  
 mencrong panon poé ujur,  
 pakonan Syéh Amarullah.

### 55. Patih Keling

Patih Keling salaku palaku tambahan. Watek Patih Keling nya éta daék narima bebeneran, katitén dina waktu manéhna rék malidkeun ramana nu geus pupus. Harita dipapatahan ku Syarif kumaha anu bener ngurebkeun nu maot, anu satuluyna manéhna asup Islam.

- (517) Patih Keling jeung Permantri,  
 eukeur malidkeun ramana,  
 sabab waktu harita téh,  
 di Nagara Keling téa,

teu nyahoeun dipetana,  
yén mayit kudu dikubur,  
Syarif Hidayat mariksa.

- (518) “Keur nyieun naon silaing?”  
Patih Keling matur nyembah,  
ka Syarif Hidayat alon,  
“Eukeur ngaruang pun bapa,  
geus maot dongkap ka ajal.”  
Syarif Hidayat pok nyaur,  
“Cik Patih ka dieu bawa!”
- (519) “Coba jait éta mayit!”  
Ku Patih enggeus dibawa,  
gancang disiraman baé,  
hanyir bacin ieu geus musna,  
karamatna waliyullah,  
reujeung mayit jadi lembut,  
sarupa jeung anak hayam.
- (520) Patih Keling geus ngabakti,  
turut ka agama Islam,  
lahir Syarif Hidayat téh,  
“Jaga manéh kudu leumpang,  
jugjug ka Gunung Amparan,  
di dinya perwali kumpul,  
lamun manéh hayang mulya.”

## 56. Bandar Rusin

Dina ieu carita Bandar Rusin salaku palaku tambahan. Bandar Rusin miboga watek asih ka sasama, buktina manéhna daék ngampihan Syarif di padumukanana jeung daék nulungan nu gering.

- (524) Ngaleut baé ka Ki Bandar Rusin,  
tuluy matur ka Syarif Hidayat,  
yén aya nu ménta landong,  
Syéh Syarif Hidayat nyaur,  
kabéh sakur jalma nu gering,  
geura wakcakeun sahadat,  
ngan éta nu éstu,  
pikeun piubareunana,  
harita gé nu gering enggeus walagri,

karamat waliyullah.

### 57. Raja Cina

Dina ieu carita raja Cina salaku palaku antagonis, ku lantaran anu nyababkeun ayana pasualan karandapan ku palaku utama. Watek Raja Cina nya éta licik, katitén dina pada ieu di handap:

- (527) “Coba Syarif ieu garwa kami,  
reuneuhna téh liwat tina mangsa,  
beuteungna geus beuki gedé,  
ku manéh kudu disebut,  
enya reuneuh atawa lain,  
jeung lamun reuneuh enya,  
éta mudu puguh,  
awéwé jeung lalakina,  
tina sabab kami téh langkung hawatir.”  
Matur Syarif Hidayat.
- (528) “Nun sumuhun keur bobot geureuhana Gusti,  
sareng istri piputraeunana.”  
Raja Cina enggeus ngartos,  
yén bohong éta dukun,  
majah manéh putrana istri,  
jeung lain reuneuh enya,  
bokor nu dikandung,  
keur nyoba ka Syarifullah,  
Raja Cina tuluy ngiceupan ka Patih,  
ku Patih enggeus kamanah
- (529) Geus ditangkep Syéh Hidayat Syarif,  
dibarogod ku papatih Cina,  
piwarang dipiceun baé,  
digubruskeun ka laut.  
Tunda heula kocapkeun deui,  
ayeuna geureuha Raja,  
bokor nu dikandung,  
bareng dibuka teu aya,  
yaktos bobot tina karamatna Syarif,  
Raja héran manahna.

### 58. Patih Raja Cina

Dina ieu carita Patih Raja Cina salaku palaku antagonis anu biluk ka Raja Cina. Watek Patih nya éta nurut tapi nurutna ka nu goréng, katitén dina pada ieu di handap:

- (528) “Nun sumuhun keur bobot geureuhana Gusti,  
sareng istri piputraeunana.”  
Raja Cina enggeus ngartos,  
yén bohong éta dukun,  
majah manéh putrana istri,  
jeung lain reuneuh enya,  
bokor nu dikandung,  
keur nyoba ka Syarifullah,  
Raja Cina tuluy ngiceupan ka Patih,  
ku Patih enggeus kamanah

### 59. Nyi Pulung Ganda

Dina ieu carita Nyi Pulung Ganda salaku palaku tambahan. Nyi Pulung Ganda nya éta putrana Syarif Arifin. Watekna nurut, katitén dina pada ieu di handap:

- (538) “Keur nguruskeun di nagara Jawi,  
jadi ratuning para aoliya,  
enggeus kersaning Yang Manon,  
ngan enggeus aya pardu,  
dek nyuhunkeun putra rai,  
nu ngaran Nyi Pulung Ganda.”  
Raina sumaur,  
“Nun sumangga rido pisan,  
jisim kuring ti dunya dongkap ka batin.”  
Ku Syarif enggeus katampa.
- (539) Asupkeun kana jubah gasik,  
Syarifullah geus leumpang pamitan,  
sarta tuluy jengkar baé.  
Di jalan henteu kacatur,  
enggeus sumping ka tanah Jawi,  
ngajugjug ka Karawang,  
jeung Syéh Ora tepung,



uluk salam geus dijawab,  
mupakotna bagbagan agama suci,  
reujeung kalimah sahadat.

#### 60. Patih Sutiman

Dina ieu carita Patih Sutiman salaku palaku tambahan. Watekna nurut,  
bisa katitén dina pada ieu di handap:

(560) Mudu dibeuli ku paman,  
dua rébu dinar harga ieu pasti,  
reujeung paman jadi ratu.”  
Ngarénjag Patih Sutiman,  
jeung ngarontok, “Aduh Radén ulah kitu,  
éta hanteu saé pisan”  
Pangéran Tuban ngalahir.

(561) “Éta kitu karep kula,  
mudu pisan diturut ku Paman Patih!”  
Gancang carita dicatur,  
patih geus nurut keresa,  
Nagri Tuban dibeuli ku Patih Ratu,  
dus rébu duit dinar,  
ku Durahman geus ditampi.

#### 61. Aki Sepuh

Dina ieu carita Aki Sepuh salaku palaku tambahan. Aki Sepuh miboga  
watek panceg pamadegan jeung asih ka sasama, katitén dina pada ieu di  
handap:

(565) Harga dua rébu dinar,  
hanteu pisan meunang kurang saduit,  
Radén Sahid nu dicatur,  
tuluy dibikeun dinarna,  
jejeg kénéh éta dinar dua rébu,  
ku Ki sepuh geus katampa,  
pok ngadongéng aki-aki.

(566) Ulah rék muka rasiah,  
 reujeung ulah pisan rék nampik rejeki,  
 ulah kulem lamun tunduh,  
 reujeung lamun geureuhaan,  
 montong kulem kudu deukeut kana napsu,  
 ngan sakitu dongéng Éyang,  
 kudu dilampahkeun misti.

(567) Éta kitu mun rék maké,  
 reujeung ieu ku Radén mudu ditampi,  
 Éyang téh maparin baju,  
 si Bondéh baju tambal,  
 kasiatna ieu baju bisa ngapung,  
 tapi ieu poma-poma,  
 ulah waka wani-wani.

## 62. Ki Judi Pati

Dina ieu carita Ki Judi Pati salaku palaku tambahan. Watekna nya éta telenges, tukang maéhan jelema.

(572) Teu meunang pisah jeung raja,  
 siang wengi hanteu pegat ngiring-ngiring,  
 jeung Durahman gaduh batur,  
 gandék ngarana Taruna,  
 éta putra *Jud pati tukang bunuh*,  
 geus tilu tahun lamina,  
 Durahman di dinya ngabdi.

(596) Lamun henteu dipaéhan pasti,  
 aing paké gentos,  
 angkur anak manan aing paéh,  
 geus dicandak putrana dipeuncit,  
 beuheung geus lastari,  
 pisah jeung gegembung.

## 63. Raja Narpati

Dina ieu carita Raja Narpati salaku palaku tambahan. Watekna teu katitén lantaran teu loba dicaritakeun, ngan saukur ngucapkeun sakalimah.

- (608) Pok mariksa Sang Raja Narpati,  
 “Aya géhgér naon?”  
 Di jero pura Patih matur alon,  
 “Nun sumuhun Kangjeng Gusti,  
 abdi nangkep paling,  
 di jero kadaton.”

#### 64. Ratna Putri

Dina ieu carita Ratna Putri salaku palaku antagonis. Ratna Putri téh putrana Raja Narpati, watekna sakahayang sorangan.

- (610) Ratna Putri pok ngalahir deui,  
 montong dibarogod,  
 geuwat laan éta talina téh,  
 enggeus dilaan ku Patih,  
 seug ditaros warti,  
 garwaan ku ratu.

#### 65. Nyi Mukena

Dina ieu carita Nyi Mukena salaku palaku tambahan. Nyi Mukena nya éta garwana Bayanullah. Watekna nurut, bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (636) Syéh Bayanullah lumaku,  
 sareng jeung garwana deui,  
 anu ngaran Nyi Mukena,  
 ngadeuheus ka Sunan Jati,  
 seja bakti ka guruna,  
 kapekna engeus dijingjing.

#### 66. Nabi Hidir

Dina ieu carita Nabi Hidir salaku palaku tambahan. Watekna nyaah/asih ka sasama, bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (723) Pangéran Tuban geus nampi piwuruk guru,  
 sarta geus kamanah,  
 Nabi Hidir nyaur alon,  
 reujeung kami maparin péso panyurat.

### 67. Tumenggung Rangsang

Dina ieu carita Tumenggung Rangsang salaku palaku tambahan. Tumenggung Rangsang nya éta salasihiji prajurit anu ngiring perang ngalawan kahir jeung Radén Patah. Watekna gedé wawanén, bisa katitén dina pada ieu di handap:

(787) Ngamukna beuki ka tengah,  
 teu lila Kaningrat mati,  
 surak wadia balad Islam,  
 Tumengtung Rangsang kawarti,  
 reujeung Rangga Barang Aji,  
 duanana sami ngamuk,  
 balad Islam lalumpatan,  
 sarta réa anu mati,  
 urang kafir surakna lir gelap ngampar.

### 68. Pangéran Suka

Dina ieu carita Pangéran Suka salaku palaku tambahan. Watek Pangéran Suka atawa anu sok disebut Pangéran Magelung nya éta gedé wawanén, cadu mundur pantrang mulang lamun maksud can tinekanan.

(872) Hanteu bisa obah usik malik,  
 Sunan Purba seug énggal mariksa,  
 “Kuma pikarepeun manéh?”  
 Jawab Pangéran Magelung,  
 “Amung neda pitulung Gusti,  
 supayana ka pigarwa,  
 ku abdi saéstu.”  
 Sunan Jati seug mariksa,  
 “Na kumaha pikareupeun manéh Nyai,  
 réh kitu paméntana?”

### 69. Gedéng Palumbon

Dina ieu carita Gedéng Palumbon salaku palaku tambahan. Watek Gedéng Palumbon nya éta sok nyapirakeun nu lian, katitén dina pada ieu di handap:

- (878) Sanggeus taya Nyai Ganda sari,  
 sadayana geus anut agama,  
 béat ka Sunan Jati téh,  
 hanteu aya nu kantun.  
 Ka kocapkeun éta sahiji,  
 gegedén anu batal,  
 guru ka Sinuhun,  
 Gedéng Palumbon ngaranna,  
 geus diwuruk sahadat anu sajati,  
 tatapina salah paham.
- (879) Pokna cumah guguru ka Wali,  
 bulang balik hanteu aya lian,  
 ngan sahadat éta kénéh,  
 anggur aing niat guru,  
 ka nu lian nu séjén deui.  
 Kocapkeun Gedéng Kuningan,  
 sejana rék guru,  
 agama ka Sunan Purba,  
 enggeus indit rék ka Cirebon nagari,  
 barang di jalan patepang.

Dina ieu carita, Gedéng Palumbon ngalaman parobahan pamadegan anu asalna ngagem kana ajaran Rosul jadi mungkir ku lantaran manéhna nganggap yén anu diajarkeunana téh ngan saukur kalimah sahadat wungkul. Tapi sanggeus manéhna nyaksian kaagungan ajaran Islam, tuluy ngagem deui kana ajaran Islam jeung guguru ka Syéh Gunung Jati.

### 70. Gedéng Kuningan

Dina ieu carita Gedéng Kuningan salaku palaku tambahan. Watekna panceg pamadegan, katitén dina pada ieu di handap:

- (883) Gedéng Kuningan ngawangsul,  
 “Hayang terang baé kuring,  
 ngaleungitkeun panasaran.”  
 Gedéng Palumbon ngalahir,  
 “Teu ngandeul ka omong akang,  
 nya kereles baé indit.”

### 71. Sangyang Naga

Dina ieu carita, Sanghyang Naga salaku palaku tambahan. Watekna panceg pamadegan, bisa katitén dina pada ieu dihandap:

- (094) Pandita Buda nu leuwih,  
 di Gunung Singkup keur tapa,  
 tapi tacan aya kénéh,  
 tataning ilmu agama,  
 sare’at Pandita Buda,  
 keur ka Maha Agung,  
 hanteu aya tingal dua.
- (095) Ngan nyipta diri pribadi,  
 nu témbong teu katingalan,  
 jatining sukma éta téh,  
 lir upama surya kembar,  
 nu sajatining hirupna.  
 Sang Pandita langkung sujud,  
 teu pegat manca diriya.

### 72. Sang Raja Bango

Dina ieu carita, Raja Bango salaku palaku tambahan. Raja Bango miboga watek rada borangan, katitén dina pada ieu di handap:

- (135) Najan diri kuring kasanggakeun tangtu,  
 sadaya eusining puri,  
 lamun ku Radén dipundut,  
 sim kuring sumangga teuing,  
 ngan ulah sampé dipotong.

### 73. Kendi Pertulah

Dina ieu carita, Kendi Pertulah salaku palaku tambahan. Kendi Pertullah nya éta kendi ngan bisa ngomong jiga jelema. Watekna sabar, katitén dina pada ieu di handap:

- (330) “Saméméh Tuan tumuwuh,  
tegesna saméméh lahir,  
sim kuring enggeus ngantian,  
geus sadia ieu cai,  
sumangga Syarif Hidayat.”  
Seug ngaleueut Tuan Syarif.

### 74. Sulton Kuat

Dina ieu carita, Sulton Kuat salaku palaku tambahan. Sulton Kuat nya éta Raja Aceh, watekna pasrah.

- (221) Éta sanggem ngalandongan,  
Sulton Kuat ngunggeuk sakali,  
réh teu bisa sasauran,  
tina walesna kasakit.  
Nyi Emban enggeus mangarti,  
cedok nyemah Emban tuluy,  
ngadeuheus ka tamu téa,  
“Mangga disaur ku Gusti.”  
Samadullah geus angkat ka jero pura.

### 75. Manuk

Dina carita ieu, Manuk salaku palaku tambahan. Manuk téh piwarangan Gusti Maha Suci, watekna nurut, bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (249) Manuk nyaur, “Ulah reuwas Nyai,  
ieu kami piwarangan Allah,  
ngemban dawuhan kami téh,  
manéh Nyai mudu nurut,  
ulah baha ka Raja Mesir,  
sababna Raja Utara,  
turunaning Rosul,

ngan kudu boga paménta,  
 hayang boga anak kembar tur lalaki,  
 tah kitu timbalan Allah.

#### 76. Naga Pertala

Dina ieu carita, Naga Pertala salaku palaku tambahan. Watek Naga Pertala nya éta pasrah, bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (296) Wangsul ieu diri kuring,  
 pangnyageurkeun ku Gamparan ,  
 lamun geus cageur kuring téh,  
 seja ngabdi ka gamparan.”  
 Saur Syéh Syarif Hidayat,  
 “Lamun kami enggeus tepung,  
 jeung Kangjeng Nabi Muhammad.”

#### 77. Nyi Putri

Dina ieu carita, Nyi Putri salaku palaku tambahan. Watekna nya éta asih, bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (357) Syarif Hidayat ngajawab,  
 “Sim kuring néangan Nabi,  
 seja guguru agama,  
 hakékat Rosulillah”.  
 Sangyang Putri nyaur deui,  
 “Lamun Tuan rék guguru,  
 rék néangan Rosulullah,  
 éta Tuan kudu cicing,  
 antos heula di dieu sakedap nétra”.
- (358) “Mun aya nu tunggang kuda,  
 dina awang-awang misti,  
 Tuan ngabujeng sing énggal,  
 muntang kana buntut sing gasik!”  
 Enggeus ilang Nyai Putri,  
 Syarif Hidayat nu kantun,  
 teu lami awas katingal,  
 di awang-awang kuring,  
 jebul datang aya anu tunggang kuda.



**78. Abdul Sapari**

Dina ieu carita, Abdul Sapari salaku palaku tambahan. Watekna daréhdéh,  
bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (361) “Saha nu kagungan putra,  
nu matak kadieu geubis?”  
Pok matur Syarif Hidayat,  
“Kuring putra Raja Mesir.”  
Ti awal dongkap ka ahir,  
sadaya geus kapiunjuk”.  
Seug nyaur Sang Raja Ajrak,  
“Hayu urang tuang Syarif,  
reujeung Éyang ngariung jadi satobas”.

**79. Nabi Muhammad**

Dina ieu carita Nabi Muhammad salaku palaku tambahan. Watek Nabi  
Muhammad anu katitén dina ieu carita nya éta taat, pinter, jeung bijaksana.

## a. Taat

Nabi Muhammad miboga watek taat, sakumaha anu katitén dina  
pada ieu di handap:

- (381) Ngandika Nabi Muhammad,  
“Hanteu meunang manéh Syarif,  
ku sabab éta larangan,  
disengker ku pernabi,  
saha-saha anu wani,  
ngabuka larangan tangtu,  
hukumna pati éta,  
jeung deui kami téh Syarif,  
henteu meunang mun ngawurukan agama.
- (382) Sabab kami enggeus wapat,  
reujeung kurang naon deui,  
di dunya enggeus sadia,  
sakabéh ilmu Yang Widi,  
...

## b. Pinter

Nabi Muhammad miboga watek pinter, loba pisan miwejang élmu  
ka Syarif Hidayat. Ieu katerangan katitén dina pada ieu di handap:

- (386) "Lamun geus paéh nyawana,  
éta rék kumaha deui,  
geus pasti kersaning sukma,  
jangjina sahiji-hiji,  
untung ala lanbeucik,  
poma-poma sing kamaphum,  
eukeur waktuna sakarat,  
saméméhna urang mati,  
saenyana Allah ta'ala teu nyiksa".
- (387) "Ngaganjar kanu ibadah,  
mun nyiksa mah Allah pasti,  
hanteu sidik nama Allah,  
sipat langgeng Maha Tinggi,  
sakarsana pibadi,  
hadé goréng enggeus tangtu,  
dalilna Qur'an éta,  
geus ditulis dina diri,  
jeung lapadna kitab jenengan sorangan".
- (388) "Reujeung lapad yahu éta,  
éta di manéh Syarif,  
tegesna Allah nya éta,  
sipat langgeng maha tinggi,  
jeung hanteu keuna ku gering,  
reujeung hanteu keuna lebur,  
lamun teu nyaho sahadat,  
geus pasti paéhna kapidir,  
enya éta masih kumambang di dunya".

## c. Bijaksana

Nabi Muhammad miboga watek bijaksana, katitén dina pada ieu di  
handap:

- (381) Ngandika Nabi Muhammad,  
"Hanteu meunang manéh Syarif,  
ku sabab éta larangan,  
disengker ku pernabi,

saha-saha anu wani,  
 ngabuka larangan tangtu,  
 hukumna pati éta,  
 jeung deui kami téh Syarif,  
 henteu meunang mun ngawurukan agama.

- (382) Sabab kami enggeus wapat,  
 reujeung kurang naon deui,  
 di dunya enggeus sadia,  
 sakabéh ilmu Yang Widi,  
 kitab Qur'an geus sayagi,  
 réa ulama nu punjul,  
 guru-guru sadayana,  
 teu kurang di alam lahir,  
 anu matak ayeuna mah ggeura mulang!"

**TABEL 4.3**

**HASIL ANALISIS KARAKTERISTIK PALAKU  
 WAWACAN SAJARAH LAMPAHING PERWALI KABÉH**

<b>No</b>	<b>Ngaran Palaku</b>	<b>Papasingan Palaku</b>	<b>Watek</b>	<b>Pada ka-</b>
<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>
1	Syarif Hidayat	Palaku utama	Panceg pamadegan, pinter, daék tutulung, jeung sabar.	286 287 271 297 529
2	Prabu Siliwangi	Palaku tambahan (antagonis)	Panceg pamadegan jeung gedé ambek.	014 015
3	Pramésuari	Palaku tambahan	Geumpeuran	049
4	Patih Arga	Palaku tambahan	Nurut paréntah tapi teu satia.	017 053 054
5	Walangsungsang	Palaku kadua	Hormat, panceg pamadegan, jeung nyaah.	010 013 019 020
6	Lara Santang	Palaku kadua	Asih ka sasaha jeung panceg pamadegan.	045 046 047
7	Syéh Danuwarsih	Palaku kadua	Asih ka sasama jeung daréhdéh.	040 041 036

1	2	3	4	5
8	Syéh Ora	Palaku kadua	Kurang hormat ka sémah.	024
9	Syéh Darugem	Palaku kadua	Teu percayaan ka batur, iman.	029 030 031 032
10	Ki To'at jeung Ki Hurmat	Palaku tambahan	Nurut	032
11	Nyi Ora	Palaku tambahan	Nurut ka salaki	028
12	Syéh Nurjati	Palaku kadua	Daréhdeh jeung bijaksana	150 187 153 157
13	Para emban	Palaku tambahan	Satia	045 048
14	Endang Saketi	Palaku tambahan	Asih ka sasama	058
15	Sang Banjaran Angganali	Palaku kadua	Miboga iman nu kuat	070 071
16	Syéh Bayanullah	Palaku kadua	Teu sabar	227
17	Ganda Sekar	Palaku tambahan	Adigung	833
18	Raja Mesir	Palaku tambahan	Asih	251 260
19	Patih Anor	Palaku tambahan	Nurut ka dunungan	194
20	Raja Erum	Palaku kadua	Asih	265 268
21	Syarif Arifin	Palaku tambahan	Pinter jeung kuat imanna	271
22	Syéh Nata Ula	Palaku tambahan	Embung kaéléhkeun	317
23	Syéh Amarullah	Palaku kadua	Panceg pamadegan	336 337
24	Indang Geulis	Palaku tambahan	Soléh	186
25	Pangéran Kendal	Palaku tambahan	Panceg pamadegan	452 453
26	Nyi Junti Mangga Pamoring Jagat	Palaku tambahan	Panceg pamadegan	531
27	Pakuwati	Palaku tambahan	Nurut	548
28	Syéh Syamsutan	Palaku tambahan	-	-
29	Syéh Karawang	Palaku tambahan	-	-
30	Pangéran Payak	Palaku tambahan	Panceg pamadegan	493
31	Pangéran Kaningrat	Palaku tambahan	-	-
32	Suryadi Wangga Bupati	Palaku tambahan	-	-

1	2	3	4	5
33	Nyi Congmirah	Palaku tambahan	-	-
34	Radén Sahid Abdul Rohman	Palaku kadua	Daék ngalakukeun naon waé sangkan kahayangna tinekanan	625
35	Arsa Wulan	Palaku tambahan	-	-
36	Raja Urawan	Palaku tambahan	Gancang percaya	587 588 589
37	Taruna	Palaku tambahan	Calutak	578 590 593
38	Rahadén Bondan	Palaku tambahan	Gedé wawanén	629
39	Ki Darma Sura	Palaku tambahan	Asih	670 671
40	Pangéran Darajat	Palaku tambahan	Iman ka Rosul	689
41	Radén Patah	Palaku tambahan	Panceg pamadegan jeung gedé wawanén	795 796 797
42	Radén Husén	Palaku kadua (antagonis)	Panceg pamadegan	799
43	Jaka Tarub	Palaku kadua	Nékad jeung sologoto	693- 697
44	Perbu Berwijaya	Palaku tambahan	Adil	673 674
45	Kiai Gendéng Sabin	Palaku tambahan	-	-
46	Nyai Karang Loka	Palaku tambahan	-	-
47	Nawang Syéh	Palaku tambahan	-	-
48	Kontéa	Palaku tambahan	Bisa narima bebeneran	730 731 732
49	Syéh Panjunan	Palaku kadua	-	-
50	Sang Tunjungbang	Palaku tambahan	Gedé wawanén	786
51	Rangga Barang Aji	Palaku tambahan	Gedé wawanén	767
52	Sunan Ngudung	Palaku tambahan	-	-
53	Pangéran Ma'dum	Palaku tambahan	Iman ka Allah	504
54	Sunan Kajoran	Palaku tambahan	Daék ngalakukeun naon waé sangkan kahayangna tinekanan	509
55	Patih Keling	Palaku tambahan	Daék narima bebeneran	517- 520
56	Bandar Rusin	Palaku tambahan	Asih	524
57	Raja Cina	Palaku antagonis	Licik	527-

				529
1	2	3	4	5
58	Patih Raja Cina	Palaku antagonis	Licik	528
59	Nyi Pulung Ganda	Palaku tambahan	Nurut	538- 539
60	Patih Sutiman	Palaku tambahan	Nurut	560 561
61	Aki Sepuh	Palaku tambahan	Asih	565 566 567
62	Ki Judipati	Palaku tambahan	Telenges	572 596
63	Raja Narpati	Palaku tambahan	-	-
64	Ratna Putri	Palaku antagonis	Sakahayang sorangan	610
65	Nyi Mukena	Palaku tambahan	Nurut	636
66	Nabi Hidir	Palaku tambahan	Asih	723
67	Tumenggung Rangsang	Palaku tambahan	Gedé wawanén	787
68	Pangéran Suka	Palaku tambahan	Gedé wawanén	872
69	Gedéng Palumbon	Palaku tambahan	Nyapirakeun batur	878 879
70	Gedéng Kuningan	Palaku tambahan	Panceg pamadegan	883
71	Sangyang Naga	Palaku tambahan	Panceg pamadegan	094 095
72	Sang Raja Bango	Palaku tambahan	Borangan	135
73	Kendi Pertulah	Palaku tambahan	Sabar	330
74	Sulton Kuat	Palaku tambahan	Pasrah	221
75	Manuk	Palaku tambahan	Nurut	249
76	Naga Pertala	Palaku tambahan	Pasrah	296
77	Nyi Putri	Palaku tambahan	Asih	357 538
78	Abdul Sapari	Palaku tambahan	Daréhdéh	361
79	Nabi Muhammad	Palaku tambahan	Taat, pinter, jeung bijaksana	381 382 386 387 388 281 382

#### 4.4.3. Ajén Kaagamaan dina Wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”

Sangeus niténan eusi Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh, kanyahoan yén dina éta wawacan aya sabaraha hal kaagamaan anu bisa jadi picontoeun ogé pieunteungeun pikeun kahirupan manusa, sok sanajan teu loba. Éta ajén-ajén téh bisa kanyahoan boh dina omongan boh dina kalakuan palaku anu aya dina wawacan. Ajén kagamaan anu aya dina éta wawacan saperti di handap ieu.

##### 4.4.3.1. Aqidah

Aqidah nya éta sistem kayakinan anu ngadadasaran sakabéh laku lampah manusa di dunya. Aqidah sok disebut ogé kapercayaan atawa kayakinan ka Allah sarta ngalaksanakeun anu dicontokeun ku Rosululloh anu museur kana ajaran Islam ngeunaan ayana nu nyiptakeun (*kholik*). Geus sakuduna sakabéh manusa iman ka anu nyiptakeun alam dunya jeung eusina, nya éta Allah SWT. Sakumaha dawuhan Allah dina Q.S. Ali ‘Imran ayat 83, anu unina:

أَفَغَيْرَ دِينِ اللَّهِ يَبْتَغُونَ وَلَهُمْ أَسْلَمَ مَنْ فِي السَّمَوَاتِ  
وَالْأَرْضِ طَوْعًا وَكَرْهًا وَإِلَيْهِ يُرْجَعُونَ ﴿٨٣﴾

Hartosna: Naha maranéh téh rék naréangan agama salian ti agama Allah? Padahal ka Mantenna téh sumerah diri sakabéh nu aya di langit jeung aya di bumi, boh ku karepna sorangan boh ku lantaran dipaksa. Jeung ka Mantenna wungkul maranéhna bakal dipulangkeun.

Allah SWT henteu ngabenerkeun kana pamadegan para ahli kitab, sarta nyawad ka maranéhna anu nyéléwéng tina bebeneran, sanggeus éta bebeneran écés ka maranéhna tapi keukeuh mugen arembungeun ngagem agama Islam anu datangna ti Allah SWT. Allah ngajejeléh ka maranéhna “kunaon maranéhna milampah pagawéan anu sarupa kitu, padahal sakabéh langit jeung bumi tunduk jeung tuhu kana katangtuan Allah?”

Dina Q.S. Ali ‘Imran ayat 85 Allah ngadawuh anu unina:

وَمَنْ يَبْتَغِ غَيْرَ الْإِسْلَامِ دِينًا فَلَنْ يُقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِي الْآخِرَةِ مِنَ  
الْخَسِيرِينَ ﴿٨٥﴾

Hartosna: Saha-saha jalma anu néangan agama séjén salian ti Islam, éta agama ti manéhna téh moal ditarima jeung manéhna di ahérat kaasup jalma-jalma anu rugi.

Allah netepkeun, sing saha anu néangan agama salian ti agama Islam, atawa teu daék ta’at kana katangtuan-katangtuan Allah, nya imanna moal baris ditarima. Jalma-jalma anu néangan agama salian ti agama Islam, di ahérat engké bakal kaasupkeun kana golongan jalma-jalma anu rarugi, alatan manéhna geus ngamomorékeun kana aqidah jeung taohid anu saluyu jeung fitrah manusa.

Sakabéh manusa nu aya di alam dunya geus sakuduna iman ka Allah SWT anu geus nyiptakeun alam dunya jeung eusina. Manusa kudu yakin yén teu aya nu wajib disembah salian ti Allah jeung yakin Nabi Muhammad utusan Allah..

Dina Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh anu jadi patokanna téh nya éta Nabi Muhammad, teu loba nyebutkeun asma Allah. Tapi iman ka



Rosulullah hartina sarua jeung iman ka Allah SWT. Anu patula-patali jeung kaimanan ka Allah dina ieu wawacan bisa katitén dina pada ieu di handap:

- (008) Kocap anu di sajero puri,  
Putra Raja Radén Walangsungsang,  
langkung kasmaran kaimpén,  
teping jeung nabi rosul,  
unggal-unggal kulem sok ngimpi.  
Pisaur nabi duta,  
mun manéh rék luhur,  
mudu ka Gunung Amparan,  
enya éta guguru élmuning nabi,  
agama anu mulya.
- (012) Ama sanggup ngadatangkeun putri.”  
Matur deui Radén Walangsungsang,  
“Bebendu ama sayaktos,  
jisim abdi tacan purun,  
gaduh bojo nanging sim abdi,  
ngimpén parantos tepang,  
sareng Kangjeng Rosul,  
pisaur Nabi Muhammad,  
abdi mudu guguru élmuning nabi,  
sumangga Kangjeng Rama.
- (013) Urang anut ka agama suci,  
urang guru ka Gunung Amparan,  
wawakil nabi nu kahot,  
saha nu hanteu nurut,  
ka agama disiksa pasti,  
asup ka naraka,  
mun Islam geus tangtu,  
éta téh matak kénging sawarga,  
Sang Pandita jenengan Syéh Datuk Qapi,  
tapa di Gunung Amparan.
- (030) Sing percaya ka Nu Mahasuci,  
“Mangga Tuan asup kana ruas!”  
Darugem ngandika alon,  
“Lamun kula bisa asup,  
kana ieu ruas awi,  
kaula téh seja tobat,  
ka Tuan ngaguru.”  
Syeh Ora ti dinya énggal,  
jalma tilu diasupkeun kana awi.

Sadayana héran manah.

- (097) “Bagéa nu anyar sumping,  
Radén téh anu ti mana?”  
Radén Putra matur alon,  
“Sim kuring ti Pajajaran,  
katelah pun Samadullah,  
sim kuring hayang guguru,  
agama Nabi Muhammad.”
- (157) Jeung geus pasti éta kersaning Yang Agung,  
ti manéh awitna,  
ngabuka agamana téh,  
kacarios Samadullah enggeus bé’at.
- (271) Raina Syarif Arifin,  
kocap gancangna carita,  
ti harita yuswana téh,  
opat belas tahun jalan,  
keur meujeuhna balég kembang,  
kitab Quran kabéh putus,  
nurut agama Muhammad.
- (357) Syarif Hidayat ngajawab,  
“Sim kuring néangan Nabi,  
seja guguru agama,  
hakékat Rosulillah”.  
Sangyang Putri nyaur deui,  
“Lamun Tuan rék guguru,  
rék néangan Rosulullah,  
éta Tuan kudu cicing,  
antos heula di dieu sakedap nétra”.
- (461) Syarifullah geus nampi éta pitutur,  
sabaya mupakat,  
hal kalimah sahadat téh,  
taya lian kaula éta ngan Allah.
- (462) Anu sipat suci ngan Allah nu Agung,  
tapi saha jalma,  
anu ngayakeun Allah téh,  
pasti kupur kasebut dina dalilna.
- (463) Syarifullah geus kitu nyusul pihatur,  
éta leres pisan,  
nanging kalimah sahadat téh,

sayaktosna di mana enggonna nyata.

- (464) Jeung taohiding para nabi éta kitu,  
di mana nyatana,  
mana jatining gusti téh,  
jawabna téh teu lian kudrating Allah.
- (507) Syarif Hidayat ngalahir,  
“Éta jatining sahadat,  
lapad Muhammad éta téh,  
iman taohid nya éta,  
anu geus aya di Tuan.”  
Pangéran Ma’dum geus sujud,  
jisim kuring seja bae’at.
- (542) Kakocapkeun deui Indang Geulis,  
enya éta garwa Samadullah,  
di Panjunan linggihna téh,  
geus émut kana pitutur,  
carogéna Samadullah,  
lamun aya aoliya,  
asal Mekah mudu asup,  
wirid reujeung putra,  
enya éta anu ngaran Pakuwati,  
jeung ieu hiji kanagan.
- (546) Nya sumangga pisaur Syéh Syarif,  
jeung ti mana asal bumi Tuan,  
Nyi Indang énggal ngawalon,  
“Sim kuring sumeja guru,  
kaagamana Kangjeng Nabi,  
rorompok ti Panjunan.”  
Syarifullah nyaur,  
“Ibu naon nu dicandak?  
Kadieukeun hayang uninga sim kuring!”  
Kandagan geus dibuka.
- (831) Pertumenggung wétan kulon sami,  
enggeus anut ka agama Islam,  
para mantri sujud baé,  
lebet agama Rosul.
- (887) Hal saréat Kangjeng Rosul,  
sadayana geus kaharti,  
geus kitu sejana mulang,  
Gedéng Kuningan geus mulih,

hanteu kocap di jalanna,  
ka bumina enggeus sumping.

#### 4.4.3.2. Ahlak

Ahlak téh nya éta kakuatan jiwa manusa anu ngarojong kana paripolah sacara spontan jeung gampang sarta teu dipikir heula. Jadi, ahlak mah sikep spontan anu geus aya dina diri manusa nu diwujudkeun ku paripolah anu nyata. Ahlak téh aya dua, nya éta ahlak anu hadé jeung ahlak anu goréng.

Salaku umat Islam kudu miboga ahlak anu hadé, sakumaha anu geus diajarkeun dina Al Qur'an dina surat Al Baqarah: 83 jeung surat An Nissa: 36.

Q.S. Al Baqarah: 83, unina saperti ieu di handap:

وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَاقَ بَنِي إِسْرَائِيلَ لَا تَعْبُدُونَ إِلَّا اللَّهَ وَبِالْوَالِدَيْنِ  
إِحْسَانًا وَذِي الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَامَىٰ وَالْمَسْكِينِ وَقُولُوا لِلنَّاسِ  
حُسْنًا وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَآتُوا الزَّكَاةَ ثُمَّ تَوَلَّيْتُمْ إِلَّا قَلِيلًا مِّنْكُمْ  
وَأَنْتُمْ مُّعْرِضُونَ ﴿٨٣﴾

Hartosna: Jeung masing inget waktu Kami nyieun perjangjian anu paheut jeung kaom Bani Israil nya éta (dawuhan Kami dina Kitab Torét), “Poma maranéh ulah deuk nyembah salian ti Allah, jeung geura prak maranéh nyarieun kahadéan ka indung bapa, ka sanak kulawarga, ka barudak yatim, jeung ka jalma-jalma anu mariskin sarta maranéh kudu nyarita ka papada manusa ku omongan-omongan anu aralus, aradegkeun solat, jeung kaluarkeun zakat.” Tapi sanggeusna kitu maranéh tuluy malaléngos (tina éta perjangjian). Ngan saeutik pisan ti antara maranéh (anu nyumponan kana éta perjangjian). Dasar maranéh téh kaom anu ngabogaan kalakuan sok jalir (tina to’at jeung tina ngaraksa perjangjian anu geus paheut).

Q.S. An Nissa: 36, unina saperti ieu di handap:

﴿وَأَعْبُدُوا اللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا ۚ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَبِذِي الْقُرْبَىٰ  
وَالْيَتَامَىٰ وَالْمَسْكِينِ وَالْجَارِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَالْجَارِ الْجُنُبِ وَالصَّاحِبِ  
بِالْجَنبِ وَابْنِ السَّبِيلِ وَمَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ ۗ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ مَن كَانَ  
مُخْتَلًا فَخُورًا﴾

Hartosna: Jeung pék aranjeun geura aribadah ka Allah, jeung ulah mangmusrikkeun ka Allah ku naon baé ogé, jeung kudu hadé lampah ka indung bapa, ka baraya ka anu dareukeut, ka barudak yatim, ka jalma-jalma anu mariskin, ka tatangga anu dareukeut jeung ka tatangga anu jarauh, ka babaturan diuk, ka nu baréakeun bekel di panyabaan jeung ka abid-abid cangkingan aranjeun. Saéstuna Allah henteu micinta ka jalma-jalma anu sombong jeung anu talakabur.

Sakumaha anu diunggelkeun di luhur aya ahlak anu hadé jeung ahlak anu

goréng. Dina Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh ogé aya ahlak nu hadé jeung ahlak nu goréngna, ku kituna dina ieu pedaran dipedar ngeunaan dua hal éta.

### 1. Ahlak anu Hadé

Ahlak hadé anu aya dina ieu wawacan bisa katitén dina cutatan pada ieu di handap:

- (010) Nuju hémpak perpongawa mantri,  
*Walangsungsang sujud kana dampal*,  
sarta murubut cipanon,  
langkung kagét Sang Perbu,  
sartana bari ngalahir,  
“Duh Eneng putra ama,  
sang gentos Ratu,  
mangku Nagari Pajajaran,  
reujeung adi Rarasantang Nyai Putri.”  
Walangsungsang cong nyembah.

Dina cutatan di luhur katitén kumaha hormatna éta palaku ka bapana, tong boroning ka ngalakukeun kalakuan anu matak pikanyerieun haté indung bapa dalah dina ngadeuheusna gé nepi ka sujud kana dampal sampéan bakating ku hormat.

(417) *Syéh Hidayat ka ibuna enggeus pamit,*  
ngajugjug patapan,  
geus lepas angkatna Syarif.  
Kocapkeun anu keur tapa.

(536) *Syarifullah harita geus pamit,*  
kersa angkat ka Mesir nagara,  
di jalan teu kacarios,  
gancangna baé geus cunduk,  
sareng rai Syarif Arifin.

Dina pada ka-417 jeung 536 katitén hormatna Syarif Hidayat ka indungna, manéhna teu weléh ménta idin ka indungna unggal rék indit-inditan. Ka indung bapa dipahing pisan ngalakukeun laku lampah anu goréng sakumaha dawuhan Allah dina Q.S. Bani Israil: 23, anu unina:

♦ وَقَضَىٰ رَبُّكَ أَلَّا تَعْبُدُوا إِلَّا إِيَّاهُ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا إِمَّا يَبُلُغَنَّ عِنْدَكَ  
الْكِبَرَ أَحَدُهُمَا أَوْ كِلَاهُمَا فَلَا تَقُلْ لَهُمَا أُفٍّ وَلَا تَنْهَرُهُمَا وَقُلْ لَهُمَا  
قَوْلًا كَرِيمًا ﴿٢٣﴾

Hartosna: Jeung Pangéran manéh geus nimbalan supaya maranéh ulah nyembah anging ka Anjeunna, sarta supaya maranéh hadé laku lampah ka indung bapa. Upama salasaurang ti antara indung bapa manéh atawa duanana geus pikun, poma pisan manéh ulah ngucapkeun 'ah' jeung poma manéh ulah sentak sengor ka maranéhna, jeung pok geura nyarita ka maranéhna ku pok-pokan anu hormat.

Ahlak-ahlak nu hadé lianna nya éta ieu di handap:

- (035) Pandita Syeh jenengan Nurjati,  
saenyana éta guru bapa,  
ari pernah ti dieu téh,  
cepat ngétan geus tangtu.  
*Walangsungsang ti dinya amit,*  
sarta geus diwidian,  
radén angkat laju,  
seja ka Gunung Amparan,
- (125) *Teu wanieun deukeut ka sang ratuna éstu,*  
Raja Bango langkung ginding,  
dedegan gedé tur luhur,  
buluna hideung lir mangsi,  
lir samarinda moncorong.
- (179) Enggeus tepang sareng Cakrabumi,  
*uluk salam alon,*  
geus diwangsul éta salamna téh,  
duanana sami linggih,  
nyaur Syéh Nurjati,  
ka Samadullah.
- (313) Syéh Nata Ula kacatur,  
*uluk salam* ka Jeng Nabi,  
nanging hanteu diwangsulana,  
Nata Ula mundur gasik,  
teu dipasihana hartina,  
geus kitu majeng Syéh Syarif.

Ngucapkeun salam téh hiji hal anu penting pisan dina Islam. Ngucapkeun salam bakal ngawangun manusa anu handap asor jeung teu adigung ka balaréa. Sakumaha anu diriwayatkeun dina kitab *Shahih Bukhari* jeung *Muslim* ti Abu Hurairah r.a.,

أَنَّ رَجُلًا سَأَلَ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ أَيَّ الْإِسْلَامِ خَيْرٌ؟ قَالَ تَطْعَمُ الطَّعَامَ وَتَقْرَأُ  
الْإِسْلَامَ عَلَى مَنْ عَرَفْتَهُ وَمَنْ لَمْ تَعْرِفْ

*“Ada seorang laki-laki bertanya kepada Rosulullah saw., ‘Ajaran Islam apakah yang paling baik?’ Lalu Rosulullah saw. Bersabda, ‘Memberi makan dan mengucapkan salam kepada orang yang kamu kenal dan kepada orang yang tidak kamu kenal.’*

- (208) *“Ulah bon pun adi pisan,  
sanajan diri pibadi,  
saha deui nu kagungan,  
kajawir Gamparan Gusti.”*  
Kangjeng Raja bingah galih,  
bujeng carios dicatur,  
Kangjeng Raja enggeus nikah,  
ka Lara Santang Nyi Putri,  
Walangsungsang éta nu jadi walina.
- (219) *“Sayaktosna henteu meunang,  
ulah bon Gamparan gusti,  
najan sadaya ponggawa,  
atawa para bopati,  
henteu pisan-pisan kénging,  
lebet ka jero kadatun”.*  
Ngajawab deui Samadullah,  
*“Hayang nyaho baé Nyai,  
coba-coba unjukeun baé ka Raja!”*
- (220) *“Kula sanggup ngalandongan,  
kitu deui hayang panggih.  
Gancangna Nyai Emban mangkat,  
melebet ka jero puri,  
dongkap ka payuneun Gusti,  
Nyai Emban nyembah matur,  
“Kaulanun nyondong sémah,  
haji asal tanah Jawi,  
enya éta namina pun Samadullah.*

Tina cutatan di luhur bisa katitén, tétéla ku ahlak anu hadé sagala pasualan nu karandapan bisa karéngsékeun kalayan nyugemakeun. Contona dina pada ka-219 jeung 220, saupama Samadullah teu daék ngalandongan raja boa geus pupus éta raja téh. Tapi teu ngabalukarkeun musrik, nganggap Samadullah anu



nyageurkeun raja. Samadullah mah ngan saukur cukang lantaran, ari anu nyageurkeunna mah Allah..

## 2. Ahlak anu Goréng


Ahlak goréng anu aya dina ieu wawacan bisa katitén dina cutatan pada ieu di handap:

- (007) Sabab kami *cua liwat saking*,  
ka jelema nu sok sembahiyang.  
Muhammad satru aing téh,  
saha nu muji ka Rosul,  
éta tangtu dihukum pati.  
Pihatur patih sumangga,  
dawuhan Sang Parbu,  
undangkeun ka wadya balad,  
sadayana ulah rék muji ka nabi,  
éta sateru ning raja.
- (014) Éta Syéh téh ti Mekah asalna tadi,  
dipiwarang ngaguru di dinya,  
saha nu teu agama téh,  
éta kapir enggeus tangtu.  
*Nyaur bendu Sang Siliwangi,*  
*ka putra bari nyentak,*  
*“Ama moal nurut,*  
*ka agama Muhammad,*  
*eukeur naon teu hayang asup agami,*  
*éta téh matak sangsara.”*
- (024) Syeh Darugem uluk salam gasik,  
*jongjon baé henteu ditémbalan,*  
ngasuh putra baé jongjon.  
Darugem pusing nyaur,  
“Notorogan pandita Jawi,  
kurang adab jeung hurmat.”  
Syeh Ora geus maphum,  
tingali usiking manéh,  
tuluy baé Syeh Ora lebet ka bumi,  
nyéréнкеun putra énggal.

- (229) Na ka mana Bayanullah,  
na bet *teu netepan jangji*,  
ka aing téh nyieun cidra,  
ninggalkeun ka tanah Jawi,  
Syéh Samadullah tingali,  
di dinya aya parahu,  
seug tuluy baé dicandak,  
dongkap ka sisi basisir,  
tuluy baé parahuna ditunggan.
- (558) *Nginum arak udud madat,*  
*lauk babi jeung jaba ti éta deui,*  
*nu diharamkeun ku Rosul,*  
hanteu aya pisan tata,  
Radén Sahid dunyana kabéh dikempur,  
anggo amal jariah,  
sadayana geus beresih.
- (578) Ka jero pura geus datang,  
kakocapkeun éta Nyi Permésuari,  
*keur kulem di tempat tidur,*  
*sinareng Mas Taruna,*  
*lampah cidra jinah sareng garwa ratu,*  
teu lami gurudag dongkap,  
Sahid piwarangan Gusti.

Ahlak anu goréng bakal ngabalukarkeun kaayaan anu goréng ogé. Éta cutatan pada di luhur téh kaasup anu aya ahlak goréng. Bisa katitén dina carita, ahlak anu goréng bakal ngabalukarkeun hal anu goréng ogé. Contona dina pada 014, ku lantaran Prabu Siliwangi teu daék asup agama Islam, ngabalukarkeun Walangsungsang indit ti nagarana.

Conto lianna dina pada 578, yén pramésuari ngalakukeun jinah jeung Taruna (gandék raja). Éta kalakuan téh dibenduan pisan ku Allah, tong boroning nglakukeun jinah sanajan ngadeukeutan jinahna ogé geus teu meunang. Sakumaha dawuhan Allah dina Q.S. Al Israa: 32, anu unina:



Hartosna: Jeung poma maranéh ulah ngadareukeutan kana jinah, lantaran saéstuna ari jinah téh kajahatan jeung jalan anu kacida goréngna.

#### 4.4.3.3. Fiqih

Fiqih nya éta pamahaman para ulama kana syariat Islam anu aya dina sumber hukum (Al Qur'an jeung As Sunnah) sarta dijieun sacara sistematis jeung praktis sangkan leuwih babari ngarti ka nu diajarna. Ku lantaran fiqih mangrupa hasil pamahaman manusa jadi wangunna teu angger, mekar saluyu jeung kamekaran pamikiran jeung parobahan budaya manusa ti jaman ka jaman. Fiqih medar ngeunaan hukum-hukum syariat nu aya dina Al Qur'an jeung As Sunnah anu sipatna fundamental jeung global kénéh.

Dina élmu fiqih dipedar pasualan-pasualan ngeunaan tata cara ibadah saperti *taharah* (susuci), solat, tata cara ngurus mayit, zakat, puasa, munggah haji, muamalah, nikah, *jihad* (perang), waris, *jinayat*, *hudud* (hukuman), jsb. Hal-hal anu kaasup fiqih dina ieu wawacan bisa katitén ieu di handap.

#### 1. *Taharah* (susuci), aya dina pada ieu di handap:

- (029) Paranti kula *wudu* paribadi,  
 Syeh Darugem kagét ngawalonan,  
 “Kumaha petana baé,  
 cai sakeclak mutuh,  
 urang Jawa kurang peryogi,  
 cai diwadahan ruwas,  
 dianggo kekemu,  
 enggeus tangtu meureun béak.”  
 Seug ti dinya Syeh Ora ngalahir deui,  
 “Tuan masing percaya.”

Anu pangilaha-ilaharna susuci dilakukeun saacan ngalakukeun solat, tapi sakuduna mah lain ngan saukur rék ngalakukeun solat wungkul, ibadah-ibadah nu séjénna ogé. Sakumaha dawuhan Allah dina surat Al Baqarah: 222, Allah mikacinta kaberesihan, anu unina:

وَيَسْأَلُونَكَ عَنِ الْمَحِيضِ قُلْ هُوَ أَذَى فَأَعْتَزِلُوا النِّسَاءَ فِي الْمَحِيضِ وَلَا تَقْرَبُوهُنَّ حَتَّى يَطْهُرْنَ فَإِذَا تَطَهَّرْنَ فَأْتُوهُنَّ مِنْ حَيْثُ أَمَرَ اللَّهُ  
 إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ التَّوَّابِينَ وَيُحِبُّ الْمُتَطَهِّرِينَ ﴿٢٢٢﴾

Hartosna: Jeung para sahabat naranyakeun ka hidep tina hal kareseban. Béjakeun, “Kareseban téh kotor, ku sabab kitu aranjeun kudu ngajauhan awéwé-awéwé dina waktu keur kareseban, jeung poma ulah ngadareukeutan (sapatemon jeung) maranéhna, saméméh maranéhna beresih, pék baé sapatemon jeung marannéhna dina tempat nu ku Allah diparéntahkeun ka aranjeun. Satemenna Allah mikacinta ka jalma-jalma anu beresih.”

## 2. Solat, aya dina pada ieu di handap:

- (028) Harita téh waktu enggeus magrib,  
 Syeh Darugem naros ka Syeh Ora,  
 “Di mana aya kulah téh?”  
 Syeh Ora tuluy nyaur,  
 ka garwana Nyi Ora bijil,  
 jeung bari ngajijingjing ruas,  
 awi ngan sabuku,  
 nya éta cai eusina,  
 tuluy baé dibikeun ka sémah tadi,  
 “Tah ieu pakulahan.”
- (334) Syarif Hidayat pok nyaur,  
 “Karep manéh muga hasil”.  
 Kendi Pertulah geus musna,  
 geus kitu Syarif ningali,  
 di tajug aya nu tapa,  
 hanteu pegat-pegat dikir.

- (549) Sadayana geus diwuruk ilmi,  
geus mupakot kalimah sahadat,  
Syéh Hidayat kacarios,  
saharita nikah tuluy,  
ka sadérék Nyi Pakuwati,  
ari nu nukahkeunana,  
Syéh Amarullah,  
Syéh Ora anu nyaksian,  
jeung Syéh Payak baturna Pangéran Giri,  
katiluna Syéh Mayang.

Solat téh tihangna agama, lamun jalma teu ngalakukeun solat hartina agamana moal kuat da euweuh tihangna. Allah maréntahkeun ka jalma-jalma muslim sangkan teu kendat-kendat nyorang anu panghadéna, ngaradegkeun solat jeung ngaluarkeun zakat. Sakumaha dawuhan Allah Q.S. Al Baqarah: 110, anu unina:

وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَآتُوا الزَّكَاةَ وَمَا تُقَدِّمُوا لِأَنفُسِكُمْ مِنْ خَيْرٍ تَجِدُوهُ

عِنْدَ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿١١٠﴾

Hatosna: Jeung geura prak aradegkeun solat, geura carumponan zakat, jeung saniskara anu geus dipigawé ku aranjeun rupaning kahadéan pikeun diri aranjeun sorangan, tangtu aranjeun bakal meunang ganjaran ti Allah. Satemenna Allah Maha Ningali kana saniskara anu diamalkeun ku aranjeun.

### 3. Mungгах haji, aya dina pada ieu di handap:

- (183) “Jeung ayeuna manéh téh ku kami,  
kudu baé mios,  
*ka Baetullah reujeung dulur manéh,*  
*manéh kudu mungгах haji,*  
tapi Indang Geulis,  
montong sina milu.”

- (399) Mindo nyaur Kangjeng Nabi Kang Sinelir,  
ka Syarif Hidayat,  
“Masing getol mungгах haji,  
jeung ayeuna geura mulang”.

Allah ngawajibkeun ibadah haji ka sing saha anu mampuh, sakali dina saumur hirupna. Saha anu ingkar kana kawajiban haji éta kaabus jalma kapir.

Sakumaha dawuhan Allah dina Q.S. Ali Imran: 97, anu unina:

فِيهِ آيَاتٌ بَيِّنَاتٌ مِّمَّا مَكَرَ الْكٰفِرِيْنَ وَكَانَ عٰمِيْنَآ وَّلِيْلَهٗ عَلٰى النَّاسِ  
حٰجُّ الْبَيْتِ مَنۢ اَسْتَطَاعَ اِلَيْهٖ سَبِيْلًا وَّمَنۢ كَفَرَ فَاِنَّ اِلٰهَ غَيْرِ عَنِ الْعٰلَمِيْنَ



Hartosna: Di dinya aya tanda-tanda anu tétéla, nya éta maqam (urut nangtungna) Ibrahim jeung sing saha anu abus ka dinya tanwandé ngarasa tengtrem. Jeung wajib keur manusa karena Allah mungгах haji, keur sing saha anu kadada-kauga ngalaksanakeunana. Jeung sing saha anu kupur, saenyana Allah téh beunghar teu butuh ku saeusining alam.

#### 4. Nikah, aya dina pada ieu di handap:

- (208) “Ulah bon pun adi pisan,  
sanajan diri pibadi,  
saha deui nu kagungan,  
kajawir Gamparan Gusti.”  
Kangjeng Raja bingah galih,  
bujeng carios dicatur,  
Kangjeng Raja enggeus nikah,  
ka Lara Santang Nyi Putri,  
Walangsungsang éta nu jadi walina.
- (237) Ka Panjunan henteu lami sumping,  
geus teu nyampak guruna teu aya,  
ngan aya suratna baé,  
unggelna geus kamaphum,

lamun manéh hayang papanggih,  
 kudu pandan jalma,  
 reujeung manéh mudu,  
 netepan adat biasa,  
 anu jadi wajib pameget jeung istri,  
 tina sabab engeus lawas.

- (239) Abdul Qiman reujeung Indang Geulis,  
 geus sampurna netepan wajibna,  
 sabiasana adat baé,  
 istri pameget campur,  
 sakumaha nu jadi galih,  
 Indang geulis nu kocap,  
 katurunan wahyu,  
 gancangna Nyi Putri nyiram,  
 Abdul Qiman pok nyaur ka Nyai Putri,  
 tah ieu Nyai kanaga.

- (611) Naha purun atawana mungkir,  
 Durahman ngawalon,  
 ngiring baé kersa ratu téh,  
 langkung bungah manah Sang Putri,  
 harita geus kawin,  
 wengina dicatur.

Nikah nya éta salasihiji hal poko utama dina kahirupan di masarakat. Ku  
 ayana kahirupan rumah tangga loba pisan mangpaatna, contona ngahijina dua  
 kulawarga anu bakal silih pikanyaah jeung silih bantuan. Q.S. An Nissa: 3

وَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا تُقْسِطُوا فِي الْيَتَامَىٰ فَانكِحُوا مَا طَابَ لَكُمْ  
 مِنَ النِّسَاءِ مَثْنَىٰ وَثُلَاثَ وَرُبْعَ ۗ فَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا تَعْدِلُوا فَوَاحِدَةً أَوْ  
 مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ ذَٰلِكَ أَدْنَىٰ أَلَّا تَعُولُوا ﴿٣﴾

Hartosna: Jeung lamun seug aranjeun rempan yén aranjeun moal bisa adil  
 dina urusan budak yatim, atuh prak baé aranjeun ngawin anu  
 dipikaresep ku aranjeun ti wanoja-wanoja, rék dua, rék tilu, atawa  
 rék opat ogé. Tapi lamun aranjeun ngarasa risi yén aranjeun bakal  
 moal bisa adil (dina nyandung) nya atuh anjeun ngawin saurang

baé, atawa cukup ku anu dipimilik ku leungeun katuhu aranjeun (jariyah). Éta téh leuwih deukeut kana moalna aranjeun ngarempak (hukum).

5. Pati, aya dina pada ieu di handap:

- (818) Seug dilepas Dipati Terung nadahan,  
jamparingna leuwih tarik,  
mener kana dada,  
sampé sapat sapisan,  
*Radén Husén ngajumpalik,*  
*teu lila wapat,*  
balad kapir birat nyingkir.
- (888) Putrana geus asup guru,  
ka Susunan Gunung Jati,  
ari dina hiji mangsa,  
Ki Ageng tepi ka jangji,  
*geus mulih ka Rahmatullah,*  
jisimna enggeus kawarti.
- (625) Syéh Amarullah seug nyaur,  
lamun hoyong jadi wali,  
tuan mudu tapa braja,  
*hartina ngabégal jalmi,*  
*sing jejeg sarébu jalma,*  
di Japura tuan cicing.
- (596) Lamun henteu dipaéhan pasti,  
aing paké gentos,  
angkur anak manan aing paéh,  
*geus dicandak putrana dipeuncit,*  
*beuheung geus lastari,*  
pisah jeung gegembung.

Pati geus aya patokanna ti Allah SWT., manusa teu bisa hayangan-hayangan teu bisa ogé embung. Saupama aya nu dipaéhan ku batur, éta ogé sabenerna mah geus kodrating Allah kudu kitu jalan maotna. Sakumaha dawuhan Allah dina Q.S. Ali Imran: 185, anu unina:



كُلُّ نَفْسٍ ذَائِقَةُ الْمَوْتِ وَإِنَّمَا تُوَفَّقُونَ أُجُورَ كُفْرٍ يَوْمَ الْقِيَامَةِ فَمَنْ زُحِرَ  
عَنِ النَّارِ وَأُدْخِلَ الْجَنَّةَ فَقَدْ فَازَ وَمَا الْحَيَاةُ الدُّنْيَا إِلَّا مَتَاعُ الْغُرُورِ



Hartosna: Sakur-sakur anu nyawaan bakal ngasaan maot, jeung satemenna ngan dina poé kiamat wungkul bakal disampurnakeun ganjaran-ganjaran aranjeun téh. Sing saha anu dijauhkeun ti naraka jeung diasupkeun ka sawarga, nya éta manéhna geus meunang bagja gedé, jeung ari kahirupan dunya mah ngan sakadar kabungah anu nipu.

6. Perang (jihad), aya dina pada ieu di handap:

- (775) Kocapkeun para aoliya,  
dina ieu mangsa hiji,  
karumpul deui sadaya,  
*badami hal senapati,*  
*anu badé mangun jurit,*  
Syéh Nata Ula kacatur,  
anu sanggem maju perang,  
nempuh urang Majapait,  
ngan supaya sim kuring nambut raksukan.
- (781) Ungelna serat waspada,  
ku raja enggeus kaharti,  
tuluy Sang Raja ngandika,  
ujang montong tuluy indit,  
*balik mudu mapag jurit,*  
sabab aya nu ngarurug,  
sakabéh para aoliya,  
kumaha manéh téh wani,  
matur nyembah Dipati Terung sumangga.
- (784) Jadi hanteu pati réa,  
wadia balad Majapait,  
kinten ngan aya salaksa,  
gancangna geus budal sami,  
kana tegal enggeus sumping,  
pa payun-payun jeung musuh,  
balad kafir balad Islam,  
geus campuh sarua wani,

balad kafir réa pisan anu modar.

- (785) Tumenggung matahun tengah,  
campuh rejeung para santri,  
geus kasambung tuluy wafat,  
Pangéran Ningrat ningali,  
bendu kaliwat saking,  
nyabut pedang tuluy ngamuk,  
para santri narumbakan,  
taya nu teurak sahiji,  
langkung sakti éta Pangéran Kaningrat.
- (786) Santri réa anu lumpat,  
surak wadiya balad kafir,  
kocapkeun di jero pura,  
parukuyan geus maranti,  
dedemit geus pada sumping,  
Sang Tunjungbang enggeus rawuh,  
sejana ngabantu perang,  
ngiringkeun kabéh dedemit,  
anu kocap éta Pangéran Kaningrat.
- (792) Ka Sunan Kali geus dongkap,  
sartana pinuh ku getih,  
Sunan Kali héran manah,  
yén Sunan Ngudung geus mati,  
seug tuluy nyaur ka Santri,  
geus dipaparinan weruh,  
yén ramana geus wafat,  
Ki Santri nyuhunkeun idin,  
enya éta sejana rék maju perang.
- (796) Didawuhan maju perang,  
tempuh urang Majapait,  
geus pasti kersa Yang Sukma,  
bakal mangku tanah Jawi,  
ngeréhkeun para bupati,  
sadaya harita rempug.  
reujeung maparin jimat,  
Sunan Palembang maparin,  
ali-ali nu pinuh eusina sétan.

Perang téh hukumna fardu kifayah, tapi saupama musuh narajang ka hiji nagara hukumna robah jadi fardu 'ain. Sanajan perang téh teu dipikaresep jeung dipikahariwang pibahlaeunana, tapi demi buméla ka agama Islam jeung ngaluhungkeun kalimatullah, paréntah Allah téh sawadina dilaksanakeun. Sakumaha dawuhan Allah dina Q.S. Al Baqarah: 218, anu unina:

إِنَّ الَّذِينَ ءَامَنُوا وَالَّذِينَ هَاجَرُوا وَجَنَّهُدُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ أَكْبَرُ  
 يَرْجُونَ رَحْمَةَ اللَّهِ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿٢١٨﴾

Hartosna: Satemenna jalma-jalma anu ariman, jalma-jalma anu halijrah jeung anu jarihad dina jalan Allah, éta jalma-jalma anu miharep kana rahmat Allah, jeung Allah, jembar pangapunten-Na tur Maha Asih.

**TABÉL 4.4**

**HASIL ANALISIS AJÉN KAAGAMAAN**

**WAWACAN SAJARAH LAMPAHING PERWALI KABÉH**

No	Ajén Kaagamaan			Pada ka-
	Aqidah	Ahlak	Fiqih	
1	2	3	4	5
1	Iman ka Allah			030 157 462 464
2	Iman ka malaikat			-
3	Iman ka kitab Allah			271
4	Iman ka Rosul			008 012 097 357 464 507 546 831 887
5	Iman ka poé ahir			-

1	2	3	4	5
6	Iman kana Qada & Qadar			-
7	Sahadat			461 463 507
8		Hormat ka indung bapa		010 417 536
9		Hormat ka sasama (ngucapkeun salam)		035 125 179 313
10		Bakti ka raja		208
11		Tutulung ka batur		219 220
12		Ngéwa ka batur		007
13		Gedé ambek		014
14		Teu némbalan salam		024
15		Jalir jangji		229
16		Ngadahar nu haram		558
17		Jinah		578
18			<i>Taharah</i>	029
19			Solat	028 334 549
20			Munggah haji	183 399
21			Nikah	208 237 239 611
22			Pati	818 888 625 596
23			Perang ( <i>jihad</i> )	775 781 784 785 786 792 796

